ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№148 (24.118) ● 2020 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 12, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КIуэкIуэ Казбек Правительствэм и Унэм щыIущIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмкlэ и дэIэпыкъуэгъу Бородин Андрей

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъэгъазэм и 10-м щыIущIащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмкlэ и дэIэпыкъуэгъу Бородин Андрей.**

КIУЭКIУЭ Казбекрэ Бородин Андрейрэ тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социально-экономикэ я лъэныкъуэкIэ зегъэужьыным, хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ щылажьэхэм яIэ Iэмалхэм хэгъэхъуэным, апхуэдэуи лэжьапIэншагъэм ехьэлIауэ щIыналъэм щыIэ гугъуехьхэм.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КъуэкIыпIэ Жыжьэ федеральнэ округым щыIэ Трутнев Юрий Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм лэжьыгъэ Iуэхукlэ иджыблагъэ къыщыкIуам пщэрылъ къащищIахэр гъэзэщIа зэрыхъум.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэм и щIыхькIэ цIыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!
Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэмкIэ сынывохъуэхъу.

Къэралым и Конституцэ 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м къащтам мыхьэнэшхуэ иIащ Урысейм и зэкъуэтыныгъэмрэ ар зыуэ щытынымрэ хъумэным, абы и къэралыгъуэр, социально-политикэ зэпIэзэрытыныгъэр, мамырыгъэмрэ жылагъуэм щыщыIэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэным я лъэныкъуэкIэ. Иджырей демократие къэралыгъуэ ухуэным и лъабжьэ быдэу щытщ Закон Нэхъыщхьэр, лъапIэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу щыгъэуващ цIыхур, абы и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ. Ноби Конституцэр щытщ зыужьыныгъэм и джэлэсу, ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм къэралым зегъэужьыным хуэунэтIауэ къыхилъхьа къалэн нэхъыщхьэхэр, лъэпкъ куэду зэхэт ди цIыхубэм я зэIузэпэщыгъэмрэ ефIэкIуэныгъэмрэ тегъэпсыхьахэр, зэфIэгъэкIынымкIэ шэсыпIэу.

ЦIыхубэ IэIэтым кърикIуахэм япкъ иткIэ Хабзэ Нэхъыщхьэм 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм абы социальнэ IэнатIэм хуэгъэзауэ щыубзыхуахэр нэхъри ягъэлъэщащ, къэралым игъэнэщхъыщхьэ къалэнхэу цIыху лэжьакIуэм и сэбэп зыхэлъхэр хъумэныр, унагъуэм, анэмрэ сабиймрэ защIэгъэкъуэным, зи ныбжь хэкIуэтахэм гулъытэ яхуэщIыным хуэгъэза Iуэхухэр щIигъэбыдащ. Шэч къытесхьэркъым, Конституцэм щыубзыхуахэмрэ абы нэхъ игъэлъапIэхэмрэ, цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэмрэ ди лъэпкъхэм я гуащIэ зэгъэуIуамрэ ди тегъэщIапIэу, дэ зэманым къыдэкIуа гугъуехьхэр къызэрызэзднэкIыфынум, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди Хэкумрэ адэкIи зэрызедгъэужьыфынум, ди цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр зэрызэдгъэхъулIэфынум.

Узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэхэр фиIэну, мамыру, зэIузэпэщу фыпсэуну сынывохъуэхъу.

● Нобэ

## Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэ

**Илъэс 27-рэ ипэкIэ дыгъэгъазэм и 12-м цIыхубэ IэIэткIэ къащтауэ щытащ Урысей Федерацэм и Конституцэр. Къэралым зиузэщIын щхьэкIэ а дэфтэрыр къэщтэным иIа мыхьэнэм куэд тепсэлъыхьащ. Псом хуэмыдэу къыхэгъэщын хуейр Урысейм и политикэ ухуэкIэр абы гъуэгущIэкIэ зэриунэтIарт.**

СЫХУЕЙТ фигу къэзгъэкIыжыну 2020 гъэм щIышылэм и 15-м УФ-м и Президент Путин Владимир къыхилъхьауэ зэрыщытар къэралым и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрегъэгъуэтыпхъэр.

Урысейм и Iэтащхьэм цIыхухэм Зэрызахуигъазэм къыщыхигъэщащ илъэс 27-рэ ипэкIэ къэралыр политикэ гугъуехьхэм щыхэт зэманым Конституцэр къащтауэ зэрыщытар икIи абы лъандэрэ Iуэхугъуэ куэдым я щытыкIэм зэрызихъуэжар. Абы щыгъуэми Путин Владимир къигъэлъэгъуащ КонституцэщIэ къэщтэн зэрыхуэмейр, къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэм лъабжьэ хуэхъуа Iуэхухэм - цIыхум и хуитыныгъэхэр къызэрыщыгъэлъэгъуам - иджыри илъэс пщIы бжыгъэкIэ мыхьэнэ яIэну къызэрилъытэр. Апхуэдэу къэралым и Президентыр къытеувыIащ зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ абы халъхьэным.

Путин Владимир и Iуэху еплъыкIэр къыщигъэлъагъуэм жиIащ Урысейр нэгъуэщIым и унафэ щIэмыту сыт щыгъуи щытын зэрыхуейр. Абы къыхэкIыу къыхилъхьащ къулыкъу зыIыгъхэм мардэ пыухыкIахэр хуагъэувыну.

КъыкIэлъыкIуэу гулъытэ хэха зыгъуэтын хуейр псэукIэр егъэфIэкIуэнрат. Абы щхьэкIэ цIыхухэм зэхуэдэ Iэмал зэретыпхъэр жиIащ Путиным.

Къэралым и Iэтащхьэм къыхигъэщащ зэрыт щытыкIэм емылъытауэ къэралым и социальнэ пщэрылъхэр сыт щыгъуи игъэзэщIэн зэрыхуейр. Абы гулъытэ хэха хуищIащ къэрал Iуэхухэр зы бгъэдыхьэкIэм тету къызэгъэпэщыныр Конституцэм щыщIэгъэбыдэн зэрыхуейр. Апхуэдэуи абы къигъэлъэгъуащ Федеральнэ Зэхуэсым къэралым и Правительствэр убзыхунымрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр хэхынымрэ я лъэныкъуэкIэ игъэзащIэ мыхьэнэр зыхуэдэмрэ жэуап зэрихьымрэ.

2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м екIуэкIащ Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм теухуа урысейпсо IэIэтыр, икIи цIыхубэм ар даIыгъащ.

Урысей Федерацэм и Президентым къыхилъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм (206-рэ мэхъу) къару ягъуэтащ 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м.

### Сыт-тIэ зызыхъуэжар?

Урысей Федерацэм и Президентыр и къулыкъум хэхыгъуитI нэхърэ нэхъыбэкIэ пэрытыну хуиткъым. КъищынэмыщIауэ, нэхъ ткIий ящIащ Президент хъуну зыкъэзыгъэлъагъуэм хуагъэув мардэхэр.

Президентым и къалэныр пIалъэкIэ зыгъэзэщIэну хуитыр Урысейм илъэс 25-рэ нэхърэ мынэхъ мащIэу щыпсэуауэ, нэгъуэщI къэралым и цIыхуу щымытхэрщ.

Президентым и пщэрылъхэм ящыщ зыбжанэ ягъэбелджылащ. Апхуэдэу ар хуитщ Правительствэр Iуимыгъэкlыу Премьер-министрым и къалэнхэр щхьэщихыну. Нэхъапэм Премьерыр IуагъэкIамэ, Правительствэри абы щIыгъут.

Президентыр хуитщ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIу къагъэлъэгъуам депутатхэр щэнейрэ арэзы темыхъуэми, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэр зэбгримыутIыпщыкIыну. Нэхъ пасэм абы и къалэнт Къэрал Думэм хэтхэр зэбгригъэкIыжыну.

Конституцэм дыщIагъуащ Президентыр и къулыкъум текIа нэужьи, абы и хуитыныгъэхэр хъума зэрыхъур, и гугъу ящIыну зэрыхуимытыр къыщыгъэлъэгъуа Iыхьэр.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ехьэлIа зэхъуэкIыныгъэхэм я гугъу пщIымэ, ар Конституцэм сенатор фIэщыгъэр къызэрыхагъэхьаращ. Абы ипкъ иткIэ, «ФедерацэмкIэ Советым хэт» псалъэхэм «ФедерацэмкIэ Советым и сенатор» ухуэкIэр игъуэтащ. ПсэухукIэ сенатору щытыну хуитыныгъэ зиIэр Президенту щытахэмрэ къэралым и пащхьэ фIыщIэшхуэ зиIэхэмрэщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

# КъБР-м и Iэтащхьэр хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм иригъэкIуэкIа зэIущIэм

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеоконференц мардэм тету дыгъэгъазэм и 10-м хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм егъэщIылIа Советым и зэIущIэм.**

АБЫ ЩЫХЭПЛЪАЩ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм лэжьапIэншагъэр щыгъэмэщIэным, абы щыпсэухэм IэнатIэ къагъуэтынымкIэ защIэгъэкъуэным ехьэлIа Iуэхухэм, Урысей Федерацэм и Президентым «Урысей Федерацэм 2024 гъэ пщIондэ зегъэужьыным хуэгъэпса лъэпкъ мурадхэмрэ мыхьэнэ хэха зиIэ къалэнхэмрэ ятеухуауэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указым къыщыгъэлъэгъуахэмрэ дызэрыт илъэсым лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа зэрыхъумрэ.

ЗэIущIэм кърихьэлIащ Советым хэтхэмрэ абы ирагъэблэгъахэмрэ - УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и УнафэщIым и къуэдзэ Тимофеевэ Ольгэ, УФ-м и Президентым и чэнджэщэгъу Эдельгериев Руслан, УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Кикоть Андрей, УФ-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министрым и къуэдзэ Мухтияровэ Еленэ, зи лэжьыгъэр фейдэ къыхэхыным темыщIыхьа «ЩIыналъэхэм я зэпыщIэныгъэр» IуэхущIапIэм и генеральнэ директор Гореславский Алексей.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым Чайкэ Юрий къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм илъэс куэд хъуауэ гугъуехь зыбжанэ зэрыщызэтрихьар, абы къыхэкIыу субъектым хыхьэ щIыналъэхэр Урысейм и адрей щIыпIэхэм ику иту зэрызаужь псынщIагъым къызэрыкIэрыхур.

Илъэс куэд хъуауэ хэкIыпIэ къызыхуамыгъуэтыфхэм ящыщу полномочнэ лIыкIуэм къигъэлъэгъуащ лэжьапIэншагъэр. Пандемием абы ехьэлIа щытыкIэр нэхъ гугъуж ищIащ, щIыналъэм IэнатIэншэу исхэм я бжыгъэр хуэдитхум нэблагъэкIэ нэхъыбэ хъуащ. Урысейм СтатистикэмкIэ и къэрал комитетым къызэритамкIэ, 2020 гъэм жэпуэгъуэм и кIэм ирихьэлIэу КИФЩI-м IэнатIэ ямыIэу зыщезыгъэтхахэр лэжьэфынухэм я процент 12 мэхъу, ар Урысей Федерацэм и адрей щIыналъэхэм къыщалъытахэм нэхърэ хуэдитIым щIигъукIэ нэхъыбэщ - къэралым зэрыщыхъур проценти 4,6-рэщ.

Абы къыхэкIыу УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм щIыналъэм и унафэщIхэм яхуигъэуващ цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIа программэхэр, абыхэм IуэхущIапIэхэр нэхъ зыхуэныкъуэ IэщIагъэхэм щIалэгъуалэр хуегъэджэнымрэ IэщIагъэ зиIэхэр нэгъуэщIхэм хуегъэсэнымри хыхьэу, нэхъ егугъуну, лэжьапIэншэхэм IэнатIэ ягъуэтынымкIэ, ныбжьыщIэхэр IэщIагъэхэм хэгъэгъуэзэнымкIэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм Урысей Федерацэм и адрей щIыналъэхэм IэнатIэ къыщагъуэтынымкIэ зыщIагъэкъуэну.

ЩIыналъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу Чайкэ Юрий къигъэлъэгъуащ никъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэм IэнатIэ яIэнымкIэ я хуитыныгъэхэр къыхузэрагъэпэщыныр. «Дэ ди зэхуэдэ къалэнщ IэщIагъэ тэмэм ягъуэтыным абыхэм я гъащIэр адэкIэ зэрыхъунумкIэ иIэ мыхьэнэр никъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэм къагурыгъэIуэныр, абыхэм къыхах IэнатIэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэнымкIэ защIэгъэкъуэныр. Абыхэм шэч къытрамыхьэу щытын хуейщ, зыхуэфащэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтмэ, лэжьыгъи зэраIэнум», - жиIащ полномочнэ лIыкIуэм.

Никъуэдыкъуэхэм IэнатIэ ягъуэтыным ехьэлIауэ щыIэ щытыкIэр езыгъэфIэкIуэну Iэмалхэм ящыщу къэгъэсэбэпыпхъэщ абыхэм IуэхущIапIэхэм IэнатIэхэр щахухахыныр, абыхэм гъэсакIуэхэр ирагъэбыдылIэу я нэIэ трагъэтыныр.

«Округым хыхьэ щIыналъэхэм лэжьапIэ IэнатIэхэр зэрыщымыIэр экономикэ щытыкIэр зэрыгугъум тралъхьэкIэ зэфIэкIынукъым, атIэ ар цIыхум и хуитыныгъэхэр къызэпызыуд Iуэхущ, абыхэм я гъащIэр зыхуэдэнур куэдкIэ елъытащи, щытыкIэм зегъэхъуэжыным яужь дитыпхъэщ. Шэч хэмылъу, нэрылъагъущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм лэжьапIэншагъэр щыгъэмэщIэным хуэунэтIа къалэныр къэралым и социально-экономикэ политикэм и мурад нэхъыщхьэу зэрыувыпхъэр», - къыхигъэщащ полномочнэ лIыкIуэм.

УФ-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министрым и къуэдзэ Мухтияровэ Еленэ къыщыпсалъэм зэпкърыхауэ къытеувыIащ щIыналъэм лэжьапIэншагъэм теухуауэ щыщыIэ щытыкIэм, республикэхэм лэжьакIуэхэр къазэрылеекIым икIи а щытыкIэр тэмэм хъужыным федеральнэ, къэрал гулъытэ игъуэтын зэрыхуейм тригъэчыныхьащ.

«ЦIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныр 2021 гъэм ирихьэлIэу зэгъэхъулIэныр къэралым и Президентым къигъэува къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Дэ дыпоплъэ щIыналъэхэм абы папщIэ щызэфIагъэкIыну Iуэхухэу IэнатIэ зымыгъуэт цIыху нэхъыбэ абыкIэ къызэгъэпэщыным сэбэп хуэхъунухэр щыгъэбелджыла жэрдэмхэр къыхалъхьэным», - къыхигъэщхьэхукIащ Мухтияровэ Еленэ.

УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщIым и къуэдзэ Тимофеевэ Ольгэ къыхигъэщащ 2020 гъэм IэнатIэншэу къэнахэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIа мардэхэр хабзэкIэ щIэгъэбыдэн и лъэныкъуэкIэ парламентым и ищIагъ палатэм зэфIигъэкIхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

Кавказ Ищхъэрэм щыщ щIалэгъуалэ зэчиифIэр щеджэн, щылэжьэн хуэдэу щIыналъэм къинэжыным тегъэгушхуэным еджапIэ нэхъыщхьэхэр зэдегугъуным, а лэжьыгъэм щызэкъуэувэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр жиIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым и ректор Беспалов Дмитрий.

Зи лэжьыгъэр фейдэ къыхэхыным темыщIыхьа, жылагъуэ зэпыщIэныгъэ IэнатIэм бжыгъэр зи лъабжьэ проектхэр щыпхыгъэкIыным зи IуэхущIафэр хуэгъэпса «ЩIыналъэхэм я зэпыщIэныгъэр» автономнэ IуэхущIапIэм и генеральнэ директор Гореславский Алексей Президентым и полномочнэ лIыкIуэу округым щыIэмрэ субъектхэм я унафэщIхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ ЩIыналъэхэм унафэ яхуэщIынымкIэ центрхэр (ЦУР) къызэгъэпэщыным теухуауэ зыкъызэрыщIагъэкъуам папщIэ. Урысей Федерацэм и Президентым пщэрылъ зэращищIам тету ахэр дыгъэгъазэм и 1-м къызэIуахащ.

IэнатIэщIэм и къалэнхэм хохьэ цIыхубэм япыщIауэ щытыныр, абыхэм я тхьэусыхафэхэм, мыарэзыныгъэхэм хэплъэныр, щIыпIэхэм къыщыхъухэм ятеухуа хъыбар егъэщIэныр, социологие щIэупщIэныгъэхэр егъэкIуэкIыныр, нэгъуэщI куэди.

ЗэрыжаIамкIэ, ЦУР-хэр къызэгъэпэщыным теухуа лэжьыгъэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым къэралым и адрей хэгъэгухэм япэ щызэфIагъэкIащ, абы ипкъ иткIэ къызэрагъэпэщащ лэжьапIэ IэнатIи 159-рэ.

Зи IуэхущIафэхэр фейдэ къыхэхыным темыщIыхьа «ЩIыналъэхэм я зэпыщIэныгъэр» IэнатIэмрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетымрэ унафэ къащтащ ЦУР-хэм я ЗэщIэзыгъэуIуэ центр къэралым щыяпэу Кавказ Ищхъэрэм къыщызэрагъэпэщыну, IэнатIэщIэхэр сэбэпынагъ нэхъыбэ къахьу зэдэлэжьэн папщIэ. Абы теухуа зэгурыIуэныгъэм Советым и лэжьыгъэм кърикIуэбыдэу Iэ традзащ.

«А жэрдэмыр щIалэгъуалэ нэхъыбэ Iуэхум къыхэшэным хуэщхьэпэнущ, я зэфIэкIыр хъыбарегъащIэ, социальнэ щIэныгъэхэм къыщагъэлъэгъуэнымкIэ, зауэжьынымкIэ, нэхъыщхьэращи, я щIэныгъэр гъащIэм къыщагъэсэбэпынымкIэ Iэмалхэр яритынущ», - къыхигъэщащ Гореславский Алексей.

«Гу лъывэзгъэтэну сыхуейщ ЩIыналъэхэм унафэ яхуэщIынымкIэ центрхэр, псом япэрауэ, къыщIызэрагъэпэщар цIыхухэмрэ къэрал властымрэ органхэмрэ зэпыщIэныр арауэ зэрыщытыр. ЦIыхухэм зыхащIэн хуейщ фэрэ дэрэ ди лэжьыгъэм кърикIуэхэр - дазэрыдэIэпыкъур, дакъызэрыщхьэщыжыр, гулъытэ зэрахуэтщIыр. Шэч къытесхьэркъым абы псори зэрыхущIэкъунум, я сэбэпи зэрыхэлъынум», - зэIущIэр щызэхуищIыжым жиIащ Чайкэ Юрий.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



● ХъыбарегъащIэ

## Школхэм еджэн щIадзэж

**КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм дыгъэгъазэм и 11-м щекIуэкIа пресс-конференцым коронавирус узыфэр курыт школхэм зэралъэIэсам, абыхэм я лэжьыгъэм хилъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм щытепсэлъыхьащ.**

МИНИСТРЫМ и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Езауэ Анзор абы щыжиIащ щытыкIэр гугъуми, зэремыкIакIуэр къэлъытауэ, дыгъэгъазэм и 14-м щыщIэдзауэ курыт еджапIэхэм лэжьэн зэрыщIадзэжыр. ЗыгуэркIэ, класс хэхахэм, егъэджакIуэхэм сымаджэ къахэкIмэ, Оперативнэ штабым и унафэкIэ, апхуэдэ классхэр унэм щеджэу ящIынущ.

«Роспотребнадзор»-м и Управленэу КБР-м щыIэм и унафэщI Пагуэ Жыраслъэн къыхигъэщащ класс хэхахэр унэм щеджэу щащIам, курыт еджапIэу 18-м цIыху тIурытI-щырыщ сымаджэ щыхъуауэ зэрыщытар, зы школым зэуэ цIыху 18 щызэрыцIэлэжат. Мы зэманкIэ, егъэджэныгъэ щрагъэкIуэкI IуэхущIапIэхэм цIыхуитI е нэхъыбэ сымаджэ щыхъуауэ щыIэр IуэхущIапIиплI къудейщ.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ КъБР-м и Правительствэм министерствэм хухиха сом мелуан 22-мкIэ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэр хьэуар зэрагъэкъабзэ Iэмэпсымэрэ термометрхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщар.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

## КъБР-м Коронавирусым кIэлъыплъынымкIэ и оперативнэ штабым къет

*2020 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м ирихьэлIэу*

Узыр япкърытрэ япкърымытрэ къахутэну тест зрагъэтахэм я бжыгъэр - 327.826-рэ
Сымаджэ хъуауэ ятхахэр - 13.797-рэ
Иужьрей жэщ-махуэм къриубыдэу къахутахэр - 102-рэ
Сымаджэщхэм щIэлъхэр - 1.431-рэ
Реанимацэм щIэлъхэр - 92-рэ
Хъужахэр - 11.415-рэ
Вирусым и зэранкIэ дунейм ехыжахэр - 238-рэ

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

## Дызыхуэныкъуэ хъугъуэфIыгъуэ

Зэманым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм цIыхуми, дунейми, къэрал зэхэлъыкIэми, IуэхущIэкIэми зыщыдихъуэж лъэхъэнэщ иджыпсту дызыхэпсэукIыр. КъытщIэхъуэ щIэблэр куэдкIэ дэмыщхьу, зыужьыныгъэм хуэпабгъэу, губзыгъэу, Iэджэми хуэIущу къыдокIуэтей. Ауэ сыт хуэдиз псынщIагъ иIэу зэманым зимыхъуэжми, зэи зэпхъуэкI мыхъун хъугъуэфIыгъуэ гуэрхэр хэтщ ди гъащIэм. Абыхэм ящыщщ нобэ тхылъымпIэм тету ди анэдэлъхубзэкIэ къыдэкI «Адыгэ псалъэ» газетыр. Ар зэи IэщIыб пщIы мыхъуну къыдэкIыгъуэщ. Пэжщ, иджыпсту къежьа технологиещIэхэм куэдым я гъащIэр нэхъ тынш ищIащ, хъыбарыщIэхэр я Iэгу илъ телефоным кърадж ыкI.

Ауэ сыхуейт зэхэвмыгъэзэрыхьыну хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я къалэнхэмрэ адыгэ газетым и купщIэмрэ. Зэи тщыгъупщэ хъунукъым мыр ди анэдэлъхубзэкIэ къызэрыдэпсалъэр. Абы и япэ напэкIуэцIым къэралым, республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр хуабжьу зэгъэкIуауэ махуэ къэс къыдегъащIэ. СфIэфIщ а хъыбарыщIэхэм сыкъеджэну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, гъащIэм и унэтIыныгъэ псоми къыщыхъумрэ щекIуэкIымрэ, ефIэкIуэныгъэм дызэрыхуэкIуэмрэ къытпэщылъхэмрэ ухегъэгъуазэ.

Газетым и купщIэр здэщыIэр къыкIэлъыкIуэ напэкIуэцIхэращ. Сыт абы имытыр, дэнэ «Адыгэ псалъэм» и журналистхэр здынэмысыр? Абы къытрадзэ тхыгъэхэр зытеухуа цIыху пашэхэми, Iуэху пыухыкIахэми, хъыбар гъэщIэгъуэнхэми сыт щыгъуи щIэщыгъуэу укъоджэ.

«Ди бынхэм адыгэбзэр ящIэркъым, яфIэгугъущ, еджэфыркъым», - жызыIэ адэ-анэхэм захуэзгъэзэнут. Пщыхьэщхьэм фыпIащIэу унэ лэжьыгъэр сабийхэм евгъэщIыж къудейкIэ бзэр фIыуэ ялъагъунукъым икIи ящIэнукъым. Абы папщIэ республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газетхэр, журналхэр фи Iэнащхьэм телъын хуейщ. «Адыгэ псалъэм» фIэкIа фи унагъуэм къимыхьэми, жьыри щIэри дэзыхьэхын тхыгъэхэр тетщи, сэбэпщ. Телефонхэмрэ компьютерхэмрэ щаIэщIэужагъуэм сабийхэм газет напэкIуэцIхэр къызэгуахынщ, яфIэгъэщIэгъуэну еджэнщ махуэ къэс урысыбзэкIэ зи хъыбар зэхаха Iуэхугъуэхэм. Ауэрэ дихьэхынщ, щIэупщIэ хъунщ, я лъэпкъ зэхэщIыкIыр къигъэушынщ.

Фыщымысхь «Адыгэ псалъэ» газетым щIэфт сом бжыгъэм, абы фи щхьэр лъагэ ирихъуну фIэкIа, хэщIыныгъэ къывитынукъым. Нобэ дызыхэпсэукI зэманым «Адыгэ псалъэр» хъыбарегъащIэ Iэмалу щытыжкъым, мыр дызыхуэныкъуэ хъугъуэфIыгъуэшхуэщ. Мыр щIэнгъуазэщ икIи псэхэлъхьэжщ.



**ЩАМЫРЗЭ Маритэ.**
*Тэрч щIыналъэ*

● Гу зылъытапхъэ

## Iэ тедзэгъуэр йокIуэкI

**ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэхэ!**
**2020 гъэм фокIадэм и 1-м щIидзауэ йокIуэкI 2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр.**

НЭХЪ фыдэзыхьэх, фIыуэ флъагъу къыдэкIыгъуэхэм Iэ щытевдзэ хъунущ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ къудамэхэм, почтамтхэм е podpiska.pochta.ru. сайтым.

Iэ зытевдза газетхэр, журналхэр и чэзум фи унэхэм ныфхуэтхьыну е пощт къудамэхэм (фэ фыщыхуейм деж) щывэттыжыну къалэн зыщыдощIыж.

КъыдэкIыгъуэхэм Iэ тедзэным теухуа фи упщIэхэм жэуап кърατыжынущ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ къудамэхэм я лэжьакIуэхэм.

Iэ тедзэным феужьэрэкIыну, а Iуэхур иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ.

«Адыгэ псалъэр» зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 728-рэ кIэпIейкIэ 76-рэщ. Ди индексыр П 5894.

*КъБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и федеральнэ управленэ.*

# Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэ

*(КӀэухыр. ПэщӀэдзэр 1-нэ нап.)*

Сенатор хъун щхьэкӀэ щыӀэ мардэхэр ягъэткӀиящ: илъэс 30 хъуауэ щытын хуейщ, нэгъуэщӀ къэралхэм хэхъуэ щимыӀэу икӀи и цӀыхуу щымыту. Апхуэдэуи а къулыкъум зэрыпэрытыну пӀалъэр яубзыхуащ илъэси 6-м нэсу. Я хуитыныгъэхэр хъумауэ щытынущ.

Къэрал Думэм и депутатхэми я пщэрылъхэр нэхъыбэ хъуащ. Псалъэм папщӀэ, ахэр хуитщ Президенту щытам и къуаншагъэхэр къагъэлъэгъуэну, и гугъу ящӀыну зэрыхуимыт Ӏэмалыр абы къытрахыжын папщӀэ.

КъищынэмыщӀауэ, федеральнэ ӀэнатӀэ Ӏут унафэщӀхэм, премьерым, министрхэм хуагъэув мардэхэри ягъэткӀиящ. Иджы а къулыкъухэр яӀыгъыну щыхуитыр илъэс 30 хъуа иужькӀэщ, нэгъуэщӀ къэралым и цӀыхуу ахэр щыт хъунукъым икӀи хэхъуэ щаӀэ хъунукъым.

Къэралым и Правительствэм и УнафэщӀыр зэрагъэув щӀыкӀэми зихъуэжащ - Премьерыр зыгъэбелджылынур Къэрал Думэращ. Нэхъ ипэкӀэ а Ӏуэхур зи пщэ дэлъар Президентращ, Къэрал Думэм и арэзыныгъэ хэлъу.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и къалэнхэри ягъэбелджылыжащ. Псалъэм папщӀэ, абы ихъумэн хуейщ унагъуэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ, зригъэужьыпхъэщ промышленностым, хьэрычэт Ӏуэхум, апхуэдэуи защӀигъэкъуэн хуейщ волонтёрхэм.

ЗэхъуэкӀыныгъэхэр ялъэӀэсащ суд Ӏуэхуми. Конституционнэ, гражданскэ, административнэ, уголовнэ судхэм къадэкӀуэу, арбитражнэри дыщӀагъуащ. ЩӀэуэ халъхьам и гугъу пщӀымэ, къыхэгъэщыпхъэщ, иджы Конституцэм къызэрыщахьар къэралым и суд системэр къэзыгъэлъагъуэ судхэр. ХеящӀэхэм я пщэрылъхэри нэхъ ткӀий хуащӀащ, ищхьэкӀэ зи гугъу щытщӀахэм ейм ещхьу. Урысей Федерацэм и Конституцэ судым хэтхэм зэхъуэкӀыныгъэхэр зэрыратам хуэдэу - я бжыгъэр 19-м щегъэжьауэ 11-м нэс зэрыхагъэщӀар - Конституцэм къалэнщӀэхэр хущӀегъу Конституцэ судым ехьэлӀауэ. Псалъэм папщӀэ, абы къипщытэн хуейщ законхэм къыщыгъэлъэгъуар Конституцэм зэрытехуэр.

Урысей Федерацэм и сенаторхэм хуитыныгъэ иратащ Конституцэ, Нэхъыщхьэ судхэм я хеящӀэхэр я къулыкъум ӀуагъэкӀыну. ХеящӀэм и пщӀэр зыгъэлъахъшэ Ӏуэху ялэжьамэ, Президентыр хуитщ ахэр я къулыкъум ӀуигъэкӀын папщӀэ сенаторхэм захуигъэзэну.

Конституцэм щӀэуэ халъхьахэм ящыщщ Къэрал Думэр арэзы зытехъуа федеральнэ законым Урысейм и Президентым Ӏэ тридзэн ипэ, УФ-м и Конституцэ судым зыхуигъэзэну зэрыхуитыр. Конституцэ судыр федеральнэ законым и пэжагъым арэзы темыхъуэмэ, Президентым дэфтэрыр парламентым иретыж.

ЗэхъуэкӀыныгъэхэр лъагъэӀэсащ Урысей Федерацэм и прокуратурэм и лэжьыгъэми. Хабзэ пыухыкӀа хагъэхьащ Урысей Федерацэм и Президентым сенаторхэм ечэнджэща нэужь, УФ-м и Прокурор Нэхъыщхьэмрэ щӀыналъэ прокурорхэмрэ зэригъэувым теухуауэ. Нэхъ ипэкӀэ ахэр сенаторхэм хахырт, къэралым и Президентым къигъэлъэгъуа нэужь.

### Сыт хуамыдэнур къулыкъу ин зыӀыгъхэм?

Президентыр, министрхэр, Правительствэм хэтхэр, сенаторхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, хеящӀэхэмрэ прокурорхэмрэ, щӀыналъэ унафэщӀхэр, ЦӀыхум и хуитыныгъэхэмкӀэ уполномоченнэр, федеральнэ къэрал ӀэнатӀэхэм я унафэщӀхэр хуиткъым нэгъуэщӀ къэралым и цӀыхуу щытыну, хамэ къэрал щыпсэуну хуит зыщӀ дэфтэр яӀэну, нэгъуэщӀ щӀыпӀэхэм я банкхэм уасэ зиӀэ хьэпшыпхэр щахъумэну.

Къыхэгъэщын хуейщ Урысейм и гъунапкъэхэм зезыгъэхъуэжыну сыт хуэдэ Ӏуэхури Конституцэм къызэрызэпиудыр.

Социальнэ Ӏуэхухэмрэ экономикэм хэзыгъэхъуэну лэжьыгъэхэмрэ ятеухуа зэхъуэкӀыныгъэхэри къыщыхьащ къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэм.

Апхуэдэу Конституцэр шэсыпӀэ мэхъу лэжьапщӀэр цӀыхур ирипсэуну нэхъ мащӀэ дыдэу зыхуейм нэхърэ мынэхъ мащӀэу ягъэувынымкӀэ, пенсэмрэ социальнэ ахъшэхэр зэратымрэ илъэс къэс зэ къабжыжынымкӀэ.

Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьа зэхъуэкӀыныгъэхэм къару зэрагъуэту УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэмрэ Урысейм и щӀыналъэхэм я къэрал ӀуэхущӀапӀэхэмрэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкӀуэкӀын щӀадзащ федеральнэ, щӀыналъэ законодательствэр Конституцэм тету зэгъэзэхуэжыным теухуауэ.

Апхуэдэ лэжьыгъэ ирегъэкӀуэкӀ КъБР-м и Парламентми, республикэ унафэщӀхэр, щӀыпӀэ унафэр зехьэнымкӀэ ӀэнатӀэхэр, жылагъуэ, щӀэныгъэ зэгухьэныгъэхэр, хабзэхъумэ, суд ӀэнатӀэхэр щӀыгъуу.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщӀ Егоровэ Татьянэ и жэрдэмкӀэ, лэжьакӀуэ гуп къызэрагъэпэщащ а Ӏуэхухэм елэжьыну. Депутатхэм я пщэрылъщ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщацта законхэр зэрагъэзащӀэмрэ къэрикӀуэмрэ я нэӀэ трагъэтыну.

**МЭЛБАХЪУЭ Борис**,
*КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щӀыпӀэ унафэр зэрызэрахьэ ӀуэхухэмкӀэ и комитетым и унафэщӀ.*

● *Лъэпкъ проектхэр*

# ЗэӀузэпэщыныгъэм и лъабжьэ

**Илъэс зыбжанэ хъуауэ ди къэралым щолажьэ лъэпкъ проект зэмылӀэужьыгъуэхэр. УФ-м и Президентым къыхилъхьауэ икӀи псэуныгъэм и унэтӀыныгъэ нэхъыщхьэ зыбжанэм хуэгъэпсауэ яубзыхуауэ щыта а ӀуэхугъуэщӀэхэм гъэ къэс къахохъуэ, заузэщӀ, проект пажэхэм гуэдзэнхэр къагуож.**

МЫ ЗЭМАНЫМ ди къэралым щолажьэ лъэпкъ проекту 12. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми и къалэн нэхъыщхьэр Урысей Федерацэр социально-экономикэ, щӀэныгъэ-технологие я лъэныкъуэкӀэ хэпщӀыкӀыу егъэфӀэкӀуэнырщ, къэралым щыпсэу цӀыхухэм я псэукӀэр нэхъ тынш, зэпэщ щӀынырщ. Проектхэм, абыхэм я гуэдзэнхэм къыщыгъэлъэгъуа Ӏуэхугъуэхэр, мардэщӀэхэмрэ еплъыкӀэщӀэхэмрэ гъащӀэм хапщэкӀэрэ, ди къэралым зеужь, йофӀакӀуэ, къаруущӀэ егъуэт, дуней псом щапхъэу къыщалъытэ Ӏуэху зехьэкӀэщӀэхэм хуокӀуэ жылагъуэр.

Ди республикэм и гъащӀэми шэщӀауэ хэтщ зи гугъу тщӀы лъэпкъ проектхэри абыхэм я гуэдзэнхэри. Ахэр хуэгъэпсащ егъэджэныгъэ, ухуэныгъэ, щэнхабзэ, нэгъуэщӀ ӀэнатӀэхэми зегъэужьыным. Зэман кӀэщӀым къриубыдэу фӀы и лъэныкъуэкӀэ нэрылъагъуу захъуэжащ гъуэгухэм, спорт ӀуэхущӀапӀэхэм, зыгъэпсэхупӀэ паркхэм, сабий джэгупӀэхэм, псэупӀэ унэхэмрэ абыхэм къедза пщӀантӀэхэмрэ, яухуащ курыт школыщӀэхэр, гъэсапӀэ екӀухэр. Апхуэдэу къызэӀуах сабийхэмрэ щӀалэгъуалэмрэ я щӀэныгъэ-творческэ зэфӀэкӀхэм зыщрагъэужь центр зэмылӀэужьыгъуэхэр, зэпэщ ящӀыж щэнхабзэмкӀэ унэхэр. Мыхьэнэшхуэ зиӀэ нэгъуэщӀ Ӏуэху куэдми я лъабжьэщ лъэпкъ проектхэр. ЖыпӀэнурамэ, ахэращ ди псэукӀэр егъэфӀэкӀуэным и джэлэс нэхъыщхьэр.

«**Демографие**» лъэпкъ проектым къыщыгъэлъэгъуа «Бзылъхугъэхэр лэжьапӀэ ӀэнатӀэкӀэ къызэгъэпэщыным теухуауэ» федеральнэ проектым и гуэдзэным ипкъ иткӀэ, ди щӀыналъэм щаухуэ сабий гъэсапӀэщӀэхэр, зи ныбжьыр илъэси 3 иримыкъуахэм папщӀэ. Апхуэдэ ухуэныгъэ дахэ мы зэманым щокӀуэкӀ Бахъсэн къалэм дэт курыт школ №6-м. Ухуэныгъэм и проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкӀэ, гъэсапӀэр зы къат хъуурэ щытынущ, метр зэбгъузэнатӀэ 994-рэ къиубыду. Абы иӀэщ цӀыкӀу гупищым уащыдэлажьэ хъу пэшхэр, физкультурэ залышхуэр, зытхьэщӀыпӀэхэр, шхапӀэр, методикэ пэш щхьэхуэр, жьыщӀапӀэр, щӀыхьэпӀэ хуитышхуэр. Унэр хьэзырщ сыт и лъэныкъуэкӀи, абы и пэшхэр зехьащ, иджыпсту лъэгухэр ирадз. УхуакӀуэхэм зэрыжаӀэмкӀэ, гъэсапӀэм и бжэр сабийхэм къахузэӀуихынущ ИлъэсыщӀэ дызыхуэкӀуэм ирихьэлӀэу.

«**Егъэджэныгъэ**» лъэпкъ проектым и «Иджырей школ» гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа Ӏуэхугъуэхэм япкъ иткӀэ, Май щӀыналъэм щызэфӀокӀ абы и курыт школхэм ящыщ зы зэгъэпэщыжыным ехьэлӀа лэжьыгъэхэр. Абы и лъабжьэр зэщӀагъэбыдэжащ, блынхэр зэрахьащ, унащхьэр, сантехникэр яхъуэжащ, лъэгухэр щӀэрыщӀэу кърагъэжыкӀыжащ, псы-рэ хуабэрэ зэрыкӀуэ бжьамийхэри щӀэуэ яукъуэдиящ. Апхуэдэ лэжьыгъэфӀхэр диӀыгъщ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкӀэ, щӀэныгъэмрэ щӀалэгъуалэм я ӀуэхухэмкӀэ и министерствэм. Абы и нэӀэр ткӀийуэ тригъэтщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ ӀэнатӀэм щекӀуэкӀ сыт хуэдэ Ӏуэхугъуэми.

«**ПсэупӀэ**» лъэпкъпсо проектым и «ПсэупӀэ унэхэмрэ къалэ гъащӀэмрэ» гуэдзэныр шэщӀауэ щолажьэ Дзэлыкъуэ щӀыналъэм. Абы къыщыгъэлъэгъуа Ӏуэхугъуэхэм япкъ иткӀэ, щӀыпӀэм зэпэщ щащӀыж псэупӀэ унэхэм къедза пщӀантӀэу 4, цӀыху зэхуэсыпӀэрэ зыгъэпсэхупӀэуи апхуэдиз. А Ӏуэхугъуэхэм хухахащ къэрал, республикэ, щӀыналъэ, щӀыпӀэ бюджетхэм къыхэкӀыу сом мелуан 12-рэ мин 800-м нэс. Проектым къызэщӀеубыдэ Дзэлыкъуэ щӀыналъэм хиубыдэ жыли 5, цӀыху мин 17-м нэс щыпсэууэ. Апхуэдэхэщ Дзэлыкъуэкъуажэ къалэр, Приречнэ, Шордакъ, Хьэбэз, Къамылыкъуэ къуажэхэр. Абыхэм зыгъэпсэхупӀэ парк цӀыкӀухэр щаухуэнущ, утыку нэхъыщхьэхэр щызэрагъэпэщыжынущ.

Зэрынэрылъагъущи, ди республикэм щылажьэ лъэпкъ проектхэмрэ абыхэм я гуэдзэнхэмрэ я фӀыгъэкӀэ ди псэукӀэр йофӀакӀуэ. Лъэпкъ проектхэр здынэмыс унэтӀыныгъэ гъащӀэм имыӀэми ярейщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**.

● *Зэпеуэхэр*

# Адыгэбзэм и лъэкӀкӀэ ягъэбзэрабзэ

**Хэку гъэзэжынымкӀэ Адыгэ Хасэмрэ (Онтарио - Канадэ) ХьэтӀохъущокъуэ Къазий и цӀэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэмрэ (Налшык - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ) зэгъусэу къызэрагъэпэщу Ӏуэтэж тхыным теухуауэ адыгэ тхакӀуэ Натхъуэ Къадыр и цӀэкӀэ ирагъэкӀуэкӀа зэпеуэр иджыблагъэ и кӀэм нэсащ.**

АР ТЕУХУАТ адыгэбзэр лъэпкъым и къэгъэщӀыгъэ нэхъ лъапӀэ дыдэхэм зэращыщым щӀалэгъуалэм гу лъегъэтэным, абы пщӀэ хуищӀын, хуэсакъын икӀи ихъумэн зэрыхуейр къыгурыгъэӀуэным, анэдэлъхубзэкӀэ псэлъэныр, гупсысэныр, тхэныр, еджэныр пщӀэ зыпылъ Ӏуэхугъуэу зэрыщытыр и фӀэщ щӀыным. Абы къищынэмыщӀауэ, къызэгъэпэщакӀуэхэр зыхущӀэкъуахэм ящыщщ псалъэ зэгъэпэщакӀэ зи гупсысэр къэзыӀуэтэф щӀалэгъуалэр нахуэ къащӀыныр, утыкум кърашэныр, ягъэгушхуэныр.

Дауи, гурыӀуэгъуэщ, хэт и псалъэ зэгъэпэщыкӀэр нэхъ екӀу, хэт и къэӀуэтэкӀэр нэхъ зэпэщ жыпӀэу зи гупсысэкӀэ, зи дуней лъагъукӀэкӀэ зэмыщхь сабийхэм я тхыгъэхэр къызэрапщытэ пщалъэхэм щӀэбгъэкӀыныр зэрыгугъур. Ауэ Ӏуэхур зэпеуэ жыпхъэм иувэмэ, хьэрхуэрыр нэхъ къызэщӀэрыуэну, абы хыхьэну ныбжьыщӀэхэри нэхъ къызэрылэну ягъэуващ къызэгъэпэщакӀуэхэм. Адыгэбзэ Хасэм хэтхэр, а гупсысэм хэлъ захуагъэр къалъытэри, Ӏуэхум еувэлӀащ.

Зэпеуэр зэрекӀуэкӀа хабзэм ипкъ иткӀэ, тхыгъэм фӀэщыгъэ игъуэтамрэ абы къыщыӀуэта хъуа гупсысэмрэ зэрызэпэджэж-зэрызэтехуэ щӀыкӀэм, ар зи ӀэдакъэщӀэкӀым къигъэлъэгъуа гупсысэкӀэм и щӀэщыгъуагъым, къыщыӀэта Ӏуэхугъуэхэр зэпкърыха, къэӀуэта зэрыхъуам и кууагъым, нэгъуэщӀхэм къащхьэщигъэкӀыу хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, бзэр купщӀафӀэ, гукъинэж зыщӀу щыӀэ Ӏэмалхэр къызэригъэсэбэпыфам къэпщытакӀуэхэр еплъащ.

Зэпеуэм хэтахэр я ныбжьым теухуауэ зэщхьэщыгъэкӀауэ щытащ: курыт еджапӀэм щеджэу зи ныбжьыр илъэс 14 -1 7-хэм ит еджакӀуэхэм я тхыгъэхэр зы унэтӀыныгъэм къызэщӀиубыдэрт, курыт еджапӀэр къаухауэ, адэкӀэ еджэу е лэжьыгъэ ӀэнатӀэ пэрыту зи ныбжьыр илъэс 25-м щӀимыгъу щӀалэгъуалэми я унэтӀыныгъэр щхьэхуэт.

Мазэ зыбжанэкӀэ екӀуэкӀа мы зэпеуэм япэ унэтӀыныгъэмкӀэ къыщыхэжаныкӀащ:

**Щоджэн Самирэ**, Къармэхьэблэ дэт, Къамбий Мухьэб и цӀэр зезыхьэ 1-нэ курыт еджапӀэм и еджакӀуэм балли 137-рэ иӀэщ, япэ увыпӀэр хуагъэфэщащ (адыгэбзэмрэ литературэмкӀэ езыгъаджэр Лыхь Людмилэщ). И тыгъэр сом минипщӀ (сом 10.000) мэхъу.

**Бахъсэн Адалинэ**, Бахъсэн къалэ дэт 6-нэ курыт еджапӀэм и еджакӀуэм балли 131-рэ хуагъэуващ, етӀуанэ увыпӀэри къылъысащ (адыгэбзэмрэ литературэмкӀэ езыгъаджэр Лосэн Жаннэщ). И тыгъэр сом минитху (сом 5.000) мэхъу.

**Къущхьэбий Камилэ**, Налшык къалэ дэт 26-нэ курыт еджапӀэм и еджакӀуэщ, балли 128-рэ къиихьащ, ещанэ увыпӀэр и Ӏэрылъхьэщ (адыгэбзэмрэ литературэмкӀэ езыгъаджэр Къанло Эльбинэщ). И тыгъэр сом минищ (сом 3.000) мэхъу.

Курыт еджапӀэр къэзыухауэ ӀэщӀагъэрэ лэжьыгъэм пыщӀа хъуа ныбжьыщӀэхэм я унэтӀыныгъэм къыщыхэжаныкӀащ:

**КъуэщӀысокъуэ Елдар**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентщ, балли 135-рэ иӀэщ, япэ увыпӀэр хуагъэфэщащ. И тыгъэр сом мин тӀощӀ (сом 20.000) мэхъу.

**Быхъурэ Камилэ**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентщ, балли 119-рэ къиихьащ, етӀуанэ увыпӀэр къылъысащ. И тыгъэр сом минипщӀ (сом 10.000) мэхъу.

**Тэтэр Ӏэминэ**, Къуэшыркъуей къуажэ дэт ЩэнхабзэмкӀэ унэм и лэжьакӀуэщ, балли 118-рэ и Ӏэрылъхьащ, ещанэ увыпӀэри къиихьащ. И тыгъэр сом минибл (сом 7.000) мэхъу.

Художественнэ текстыр, къызэрыхэдгъэщащи, балл пщалъэм и шыбзэм щӀэбгъэкӀыныр хьэлъэщ. Тхыгъэхэм я бзэр зэгъэпэщыкӀэ хабзэхэм тет пэтми, къэлъытэн хуейт ахэр зи ӀэдакъэщӀэкӀым и гупсысэм и къэухьри, псалъэр зэрызэблигъэкӀ, гупсысэ къиӀуатэм зэригъэкӀу Ӏэмалхэри, псалъэухахэр зэрызэӀуищэ щӀыкӀэри. КъэпщытакӀуэхэм зэдэарэзыуэ къыхагъэщащ тхыгъэ къыхэкӀахэр купщӀафӀэу, гупсысэ зэхуэмыдэхэр екӀуу щызэхэухуэнауэ зэрыщытыр икӀи трагъэчыныхьащ ахэр утыку ихьэн, хэӀущӀыӀу щӀын зэрыхуейм.

Зи тхыгъэкӀэ къыхэжаныкӀа ныбжьыщӀэхэм адыгэбзэм и лъэкӀыныгъэр нэхъри нэхъыбэжу ягъэлъагъуэу, ефӀакӀуэу псэуну ди гуапэщ.

**ШУРДЫМ Динэ**.





# Жылагъуэм нэхъ псынщӀэу хэзэгъэжын папщӀэ

**«КъБР-1» телеканалым и корреспондентхэр иджыблагъэ щыӀащ Урысейм и ФСИН-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиӀэ Управленэм хабзэм ебэкъуахэм тралъхьа тезырхэр щрагъэпшыныж и колоние №3-м.**

ТУТНАКЪХЭР ӀэнатӀэкӀэ къызэрызэгъэпэща щӀыкӀэм щыгъуазэ защӀащ журналистхэм. Абыхэм зыщаплъыхьащ зи тезырыр зыпшыныжхэр щагъэлажьэ цеххэм. Псалъэм папщӀэ, щыӀащ ӀэнатӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэм щылажьэхэм я ӀэщӀагъэм епхауэ ящыгъын хуей фащэ хэхахэр щадым, тутнакъэщым исхэм папщӀэ вакъэ щащӀ къудамэхэм. ХъыбарегъащӀэ ӀуэхущӀапӀэм и лӀыкӀуэхэм апхуэдэуи зрагъэлъэгъуащ тутнакъхэм унэлъащӀэхэр зэращӀри. Журналистхэм яфӀэгъэщӀэгъуэн хъуащ тезырыр зыпшыныжхэм я ӀэпщӀэлъапщӀагъэр. Псом хуэмыдэу ахэр хуэӀэзэу къыщӀэкӀащ гъущӀыр зэпыгъэвэным, саугъэт пщӀы хъуну цӀыкӀуфэкӀухэр, шахмат, нард зэрыджэгу Ӏэмэпсымэхэр щӀыным. Журналистхэр а ӀэнатӀэм щылажьэ тутнакъхэм епсэлъащ, я Ӏуэху зытетым, дэзыхьэххэм щӀэупщӀащ.

Телевиденэм и лэжьакӀуэхэм теплъэгъуэхэр щытрахым ящӀыгъуащ Урысей ФСИН-м КъБР-м щиӀэ Управленэм и ИК-3-м и унафэщӀым и къалэнхэр пӀалъэкӀэ зыгъэзащӀэ Шорэ Замиррэ а ӀуэхущӀапӀэм и унафэщӀым и къуэдзэ Болатов Кемранрэ. Абыхэм журналистхэр щыгъуазэ ящӀащ я лэжьэкӀэми, ӀэнатӀэм къыщыщӀагъэкӀ продукцэ лӀэужьыгъуэхэми. Абдеж къызэрыщыхагъэщащи, къатехуа щӀыхуэхэр суд унафэкӀэ тутнакъхэм апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ япшыныжым и закъуэкъым, атӀэ ахэр я унагъуэхэми Ӏыхьлыхэми зэрахузэфӀэкӀкӀэ ядоӀэпыкъу, къалэжьа ахъшэм щыщ Ӏыхьэ хуагъэхьурэ.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьащ лэжьапӀэ ӀэнатӀэхэм къыхагъэхъуэным, тутнакъ нэхъыбэм лэжьэну Ӏэмал яӀэн папщӀэ. Судым къищта унафэкӀэ къытралъхьауэ щхьэхуимыту щаӀыгъ пӀалъэр иухрэ тутнакъэщым икӀыжмэ, цӀыхур жылагъуэм нэхъ псынщӀэу хэзэгъэжынымкӀэ, а фӀэкӀа хабзэр къызэпимыудыным хуэгъэӀущынымкӀэ мыхьэнэшхуэ иӀэщ апхуэдэ Ӏуэху къызэгъэпэщыкӀэм.

**ЗЭБАР Мадинэ**,
*Урысей ФСИН Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиӀэ Управленэм и пресс-ӀуэхущӀапӀэм и унафэщӀ.*

# Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 12,** *щэбэт*

♦**Узыншагъэр хъумэн ӀэнатӀэм и Ӏуэхутхьэбзэхэр псоми ялъэӀэсыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Зэныкъуэкъу къэралхэм ящыщу зым и телъхьи мыхъуным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ**. 1993 гъэм цӀыхубэ ӀэӀэткӀэ къащтащ УФ-м и Конституцэр. 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25 - бадзэуэгъуэм и 1-хэм къриубыдэу УФ-м щекӀуэкӀащ Закон Нэхъыщхьэм зэхъуэкӀыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа ӀэӀэтыр икӀи цӀыхубэр абыхэм арэзы техъуащ.
♦**Тыркумэныр зы къэрали и Ӏуэху хэмыӀэбэным и махуэщ**
♦**Къыргъызстаным и лъэпкъ литературэм и махуэщ**
♦**Къэзахъстаным и таможеннэ ӀуэхущӀапӀэхэм я лэжьакӀуэхэм я махуэщ**
♦**Швейцарием и къэрал ныпым и махуэщ**
♦**Украинэм ӀэщэкӀэ ЗэщӀэузэда и Къарухэм я лъэсырыкӀуэдзэхэм я махуэщ**
♦**1817 гъэм** Москва къыщызэӀуахащ къалэм и музей-гъэлъэгъуапӀэ нэхъыщхьэр - Манежыр.
♦**1901 гъэм** Инджылызым къыщызэрагъэпэщащ къэралым стӀолыщхьэ теннисымкӀэ и зэгухьэныгъэр. А джэгукӀэр къэзыгупсысар инджылыз дзэ къулыкъущӀэхэрщ.
♦**1911 гъэм** Индием и къалащхьэр Калькуттэ ирахри, Дели ягъэӀэпхъуащ.
♦**1941 гъэм** советыдзэхэм хуит къащӀыжащ Солнечногорск, Сталиногорск (иджы - Новомосковск) къалэхэр.
♦**1955 гъэм** лэжьакӀуэхэм я къуажэу къежьа Братск къалэ хъуащ.
♦**1979 гъэм** КПСС-м и ЦК-м и Политбюром унафэ къищтащ Совет Союзым и дзэхэр Афганистаным иришэным теухуауэ.
♦**1993 гъэм** КъБР-м палатитӀ хъу и Парламентыр хахащ.
♦Урыс тхакӀуэ, усакӀуэ, тхыдэдж **Карамзин Николай** къызэралъхурэ илъэс 254-рэ ирокъу.
♦Совет композитор, РСФСР-м и цӀыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Шаинский Владимир** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.
♦Къыргъызым и цӀыхубэ тхакӀуэ, Къыргъыз Республикэм и ЛӀыхъужь, Ленин саугъэтым и лауреат, СССР-м и Къэрал саугъэтым щэнейрэ и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛӀыхъужь **Айтматов Чингиз** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
♦Совет режиссёр, актёр цӀэрыӀуэу щыта, УФ-м щӀыхь зиӀэ и артист, Украинэм и цӀыхубэ артист **Быков Леонид** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
♦Юрист, КъБР-м щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакӀуэ **ГубэщӀыкӀ Владимир** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.
♦ТхакӀуэ, уэрэдус, артист, КъБР-м щэнхабзэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэ **Бахъуэ БетӀал** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Медицинэ щӀэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩӀДАА-м и академик **Дыгъужь Къазбэч** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦Химие щӀэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Алэкъей Лерэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Театрымрэ киномрэ я актёр цӀэрыӀуэ, УФ-м и цӀыхубэ артист **Соломин Виталий** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Урысей эстрадэм и артисткэ, УФ-м и цӀыхубэ артисткэ **Новиковэ Кларэ** (и унэцӀэ дыдэр **Герцерщ)** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Актёр, УФ-м щӀыхь зиӀэ и артист **Балъкъыз Валерий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
♦КъБР-м егъэджэныгъэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэ **Шал Любовь** къыщалъхуа махуэщ.
♦БодибилдингымкӀэ дунейпсо чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэ **Лъакъуэдыгъу Рамзес** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкӀэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкӀэ, Налшык пшэр техьэ-текӀыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1- 2, жэщым щӀыӀэр градуси 4 - 3 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 13,** *тхьэмахуэ*

♦**1476 гъэм** Инджылызым щыяпэу а къэралым тхылъ щытрадзащ. АбыкӀэ Инджылызыр Европэм и адрей щӀыналъэхэм лӀэщӀыгъуэ Ӏыхьэ плӀанэм нэблагъэкӀэ къакӀэрыхуат. Япэ тхылъыр а къэралым къыщыдэзыгъэкӀар типограф Кэкстон Уильямщ.
♦**1642 гъэм** Голландием щыщ, хым тету щӀыпӀэ-щӀыпӀэхэр къызэхэзыкӀухь Тасман Абель къихутащ Новая Зеландия щӀыналъэр зэрыщыӀэр.
♦**1920 гъэм** Лъэпкъхэм я Лигэм Гаагэ къыщызэригъэпэщащ дунейпсо хеящӀэ ӀуэхущӀапӀэ.
♦**1926 гъэм** Совет къэралыгъуэм щыяпэу абы цӀыхуу исыр бжын щӀадзащ.
♦**1949 гъэм** Налшык щекӀуэкӀащ КъАССР-м и цӀыхубэ ныбжьыщӀэхэм я XI республикэ съезд.
♦**1971 гъэм** Москва япэу щагъэлъэгъуащ «Джентльмены удачи» кинокомедиер. Ди къэралым щыпсэухэм нэхъыфӀ дыдэу ялъагъу фильмхэм ящыщ хъуащ ар.
♦**1989 гъэм** Совет Союзым и Либерал-демократие партыр къызэрагъэпэщащ. Абы и унафэщӀу хахащ Жириновский Владимир.
♦**1991 гъэм** Налшык щекӀуэкӀащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я лӀыкӀуэхэм я съезд.
♦**1996 гъэм** ООН-м и секретарь нэхъыщхьэу хахащ Аннан Кофи.
♦**2000 гъэм** Европарламентыр арэзы техъуащ тутын къыщӀэзыгъэкӀхэм хуагъэув мардэхэр гъэткӀииным теухуа законопроектым.
♦Нэмыцэ усакӀуэ, публицист, критик **Гейне Генрих** къызэралъхурэ илъэс 223-рэ ирокъу.
♦Урыс усакӀуэ, тхакӀуэ, драматург, зэдзэкӀакӀуэ, критик **Брюсов Валерий** къызэралъхурэ илъэси 147-рэ ирокъу.
♦Совет тхакӀуэ, Ильф Илья и гъусэу къыдигъэкӀа тхылъхэм цӀэрыӀуэ ирихъуа **Петров Евгений** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.
♦Актёр, СССР-м и цӀыхубэ артист **Плятт Ростислав** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.
♦Актёр, РСФСР-м и цӀыхубэ артист **Рыбников Николай** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.
♦УэрэджыӀакӀуэ, актрисэ, УФ-м и цӀыхубэ артисткэ **Сенчинэ Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкӀэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкӀэ, Налшык пшэр техьэ-текӀыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1- 3, жэщым щӀыӀэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 14,** *блыщхьэ*

♦**Чернобыль АЭС-м къыщыхъуа аварием и лъэужьхэр зыгъэкӀуэдыжахэр щагъэлъапӀэ махуэщ**
♦**Номинхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Академик Сахаров Андрей и фэеплъ махуэщ**. Совет физик, жылагъуэ лэжьакӀуэ цӀэрыӀуэ, Нобель саугъэтым и лауреат Сахаров Андрей 1989 гъэм дунейм ехыжащ.
♦**1542 гъэм** Шотландие пащтыхьыгъуэм и унафэщӀу ягъэуващ щытащ Стюарт Марие. Абы и гъащӀэр гъэщӀэгъуэныщэу къызэрекӀуэкӀар зыфӀэтелъыджэу щытар и лъэхъэнэгъухэм я закъуэкъым. Ноби абы теухуа тхылъхэр къыдокӀ, фильмхэр трах.
♦**1695 гъэм** къэралым и пащтыхь Пётр Езанэм къыхилъхьэри, адыгэпщ Черкасский Михаил Алигъуокъуэ и къуэр Урысейм и генералиссимусу хахат.
♦**1799 гъэм** дунейм ехыжащ США-м и япэ президенту щыта Вашингтон Джон.
♦**1825 гъэм** Санкт-Петербург и Сенатскэ утыкум деж къыщызэрыӀэтащ къэралым зэхъуэкӀыныгъэшхуэхэр щегъэкӀуэкӀын хуейуэ къэзыгъэувхэр. Ахэр цӀыху минищым щӀигъурт. ЗэхъуэкӀыныгъэхэм я нэхъыщхьэр къэрал унафэр пащтыхьым къыӀэщӀэхынымрэ пщылӀыгъэр гъэкӀуэдынымрэт.
♦**1844 гъэм** Порт-Петровск къалэм (иджырей Мэхъэчкъалэм) и лъабжьэр ягъэтӀылъащ.
♦**1893 гъэм** Москва и Утыку Плъыжьым Сату щӀыпӀэхэр къыщызэӀуахауэ щытащ. Иджыпсту ар ГУМ тыкуэнышхуэрщ.
♦**1911 гъэм** Норвегием щыщ къэхутакӀуэ Амундсен Руаль япэу Ипщэ полюсым нэсащ.
♦**1939 гъэм** СССР-р Лъэпкъхэм я лигэм къыхагъэкӀыжащ, Финляндием зэрезауэмкӀэ ягъэкъуаншэри.
♦**1943 гъэм** ВКП (б)-м и ЦК-м и унафэкӀэ къащтащ СССР-м и Къэрал гимныр.
♦**1947 гъэм** СССР-м и Министрхэм я Советымрэ ВКП (б)-м и ЦК-мрэ къыдагъэкӀащ «Ахъшэ реформэ егъэкӀуэкӀынымрэ ерыскъы, промышленнэ хьэпшыпхэр къызэращэху карточкэхэр къэмыгъэсэбэпыжынымрэ я ӀуэхукӀэ» унафэр.
♦**1955 гъэм** ООН-м хагъэхьащ Австрие, Албание, Болгарие, Венгрие, Иордание, Ирландие, Испание, Италие, Камбоджэ, Лаос, Ливие, Непал, Португалие, Румыние, Финляндие, Шри-Ланка къэралхэр.
♦**1975 гъэм** Камбоджэ къэралым зэреджэр Кампучие жиӀэу зэрахъуэкӀащ.
♦**1992 гъэм** Абхъазым хыхьэ Латэ къуажэм деж куржыдзэхэм къыщраудыхащ Гудаутэ кӀуэ урысей кхъухьлъатэр. Абы бийм къиухъуреихьа къалэм дэсхэм ерыскъыпхъэхэр, нэгъуэщӀ зыхуеинухэр яхуишэрт. Кхъухьлъатэм иса цӀыху 87-ри, абыхэм сабий 35-рэ яхэту, хэкӀуэдащ.
♦Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр щӀэныгъэм тету джыным япэу зезыпщытахэм ящыщ, адыгэбзэм, абхъазыбзэм, шэшэныбзэм я алфавитхэр зэхэзылъхьа **Услар Пётр** къызэралъхурэ илъэс 204-рэ ирокъу.
♦Совет физик, академик, лазерыр къэгъэсэбэпыным теухуа и къэхутэныгъэхэм папщӀэ Нобель и саугъэтыр зрата **Басов Николай** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.
♦Индием щыщ актёр цӀэрыӀуэ, режиссёр, зи сценарийрэ зи мылъкукӀэ фильм куэд траха **Капур Радж** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.
♦Дирижёр, КъБР-м гъуазджэхэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэ **Бекъул Леонид** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкӀэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкӀэ, Налшык пшэр техьэ-текӀыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 4, жэщым щӀыӀэр 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКӀЭМЫХЪУ Маринэщ**.

**Лъэпкъ Ӏущыгъэ**:

## Псы Ӏуфэм Ӏусыр есыкӀэкӀэ Ӏэзэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакӀуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым РеспубликэмкӀэ и Советым и япэ-етӀуанэ зэхуэгъэсыгъуэхэм я депутату щыта, КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым хэта **Крамаренкэ Нелли Андрей и пхъум** и Ӏыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкӀыу.

# БГЪЭЖЬНОКЪУЭ Барэсбий Хьэчим и къуэр



**Къэбэрдей-Балъкъэрым, урысейпсо щIэныгъэм хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ. 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м дунейм ехыжащ щIэныгъэлI-тхыдэдж, этнолог къызэрымыкIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым археологиемрэ пасэрей тхыдэмкIэ и къудамэм и унафэщI Бгъэжьнокъуэ Барэсбий Хьэчим и къуэр.**

БАРЭСБИЙ Хьэчим и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Зеикъуэ къуажэм 1947 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м къыщалъхуащ. 1970 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиуха нэужь ар щIэтIысхьащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием БзэщIэныгъэхэмкIэ и институтым и аспирантурэм (Москва къ.) икIи 1974 гъэм абы щыпхигъэкIащ и кандидат диссертацэр, «Бзэмрэ псантхуэмрэ бэм я зэхущытыкIэм зыщыIууэ гугъуехьхэр» зыфIищар, Леонтьев А. А. и щIэныгъэ унафэщIу. СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием ЭтнографиемкIэ и институтым, Миклухо-Маклай Н. Н. и цIэр зезыхьэм (Москва къ.) 1984 гъэм абы ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ «ЗэхущытыкIэм и хабзэхэмрэ лъэпкъымрэ» зыфIища и доктор диссертацэр. И егъэджакIуэу, щIэныгъэм щыхиша лъагъуэм и унэтIакIуэу, гъуазэу абы къилъытэрт щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Леонтьев А.А., Арутюнов С. А., Щэрдан I. Хь., Нало З. М. сымэ.

1974 гъэм къыщыщIэдзауэ 1987 гъэ пщIондэ ар КъБКъУ-м педагогикэмрэ психологиемкIэ и кафедрэм и ассистенту, егъэджакIуэ нэхъыжьу щытащ. 1985 гъэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым щылэжьащ: 1985 - 1988 гъэхэм - этнографиемкIэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьщ, 1988 - 2003 гъэхэм - этнологиемкIэ къудамэм и унафэщIщ, 2003 - 2007 гъэхэм - щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэщ, 2007 - 2014 гъэхэм - институтым и унафэщIщ, 2014 гъэм къыщыщIэдзауэ - этнологиемкIэ секторым и унафэщIщ, иужькIэ археологиемрэ тхыдэ жыжьэмкIэ къудамэм и унафэщIщ.

Барэсбий Хьэчим и къуэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэ 200-м щIигъу, абыхэм монографиеу 14 яхэту. А лэжьыгъэхэр бзэ куэдкIэ зэдзэкIауэ къыдэкIащ. И щIэныгъэ ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэр епхащ зэхущытыкIэм и лъэпкъ-щэнхабзэ щхьэхуэхэныгъэхэр, щэнхабзэм и гъэсэныгъэ философиер, этнографием и лъабжьэр джыным. Абы и лэжьыгъэхэр лъабжьэ яхуэхъуащ гуманитарнэ щIэныгъэм и тхыдэ-этнографие къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIыным хуэгъэпса унэтIыныгъэщIэм - лъэпкъ зэхущытыкIэр джыным. Адыгэм и блэкIар джыным пыщIа Iуэхухэр абы иригъапщэрт, ирилъытырт адрей лъэпкъхэм я зэхущытыкIэ хабзэхэм, псэм хуэмыдэу гулъытэ хэха хуищIырт ахэр адыгэхэм къазэрыпыщIауэ щыта щIыкIэм. Бгъэжьнокъуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа «Адыгэ Хабзэ», «Адыгэм и псэлъэкIэ-зэхущытыкIэ хабзэхэм ятеухуа къэхутэныгъэхэр», «ПсэлъэкIэ-зэхущытыкIэ хабзэхэмрэ лъэпкъымрэ», «Адыгэ джэгу хабзэхэр», «Адыгэ щэнхабзэ» монографиехэр адыгэм ижь лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ псэкупсэ щэнхабзэр щIэныгъэ лъабжьэ иIэу джыным ублапIэ хуэхъуащ. Зи цIэ къитIуа къэхутэныгъэхэм я мыхьэнэр хыболъагъуэ ахэр лъэпкъ щэнхабзэм и зыкъэгъэщIыжыным хэкIыпIэ зэрыхуэхъуам, Адыгэ Хабзэм гулъытэ хэха щIэблэщIэм хуищI зэрыхъуам.

Иужьрей илъэсхэм Бгъэжьнокъуэм иригъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр лъэпкъ этнологием хэлъ Iуэхугъуэ зэхэмыбзхэм я джыным, лъэпкъым и дуней лъагъукIэмрэ щыIэкIэмрэ хэлъ щхьэхуэныгъэхэр нахуэ щIыным, лъэпкъ гупсысэр къэзыгъэщI пкъыгъуэхэм я къэхутэныгъэм нэхъ тригъащIэрт. «Гуманистическэ этнологием и лъабжьэр» зи фIэщыгъэ лэжьыгъэшхуэр абы и щапхъэщ. Мыбы гуэх имыIэу епхащ лъэпкъ щэнхабзэм и тхыдэмрэ цIыху щэным и философиемрэ ярищIэкIа лэжьыгъэхэри: «ЦIыху щэным и антропологиер», «Хъуэхъужьхэм гыбзафэхэр къызэрыхэщыр». 4-5-нэ классхэм щIэс сабийхэм щхьэкIэ зэхалъхьа «Дин щэнхабзэхэмрэ жылэ щэнхабзэхэмрэ я лъабжьэр» зэреджэн тхылъым щыщ «Жылэ щэнхабзэ» Iыхьэми щIэныгъэ мыхьэнэ иIэщ. Барэсбий и къэхутэныгъэхэм ущрихьэлIэ фIэщыгъэхэм «гущIэгъу щIыкIэм и щэнхабзэр» («культура эмпатии»), «дыкъэзыухъуреихь дунейм и идеологиер» («идеология окружающей среды»), «цIыху щэным зэрызиIуатэ щIыкIэр» («коммуникация морали»), «щIыуэпсым и бзэр» («экофутуризм») лъэпкъ этнологиер джыным и гъунапкъэхэр зэлъыIуигъэкIуэтащ, къэхутэныгъэ Iэмалхэми заригъэубгъуащ. Шэч хэлъкъым Бгъэжьнокъуэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэм и лъэужьыр иджырей кавказыдж щIэныгъэми, хэку этнологиеми зэрыхэмыгъуэщэжынум, урысей щIэныгъэм и тхыдэми къызэрыхэнэнум.

Бгъэжьнокъуэ Барэсбий пщIэшхуэ иIащ, къэралми хамэ щIыналъэхэми я щIэныгъэлIхэм фIыуэ къыщацIыхурт. Ар Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм Кавказ Ищхъэрэм иращIэкI къэхутэныгъэхэмкIэ и Зэзыгъэзэу советым хэтащ. Бгъэжьнокъуэр 8-9-нэ классхэм щхьэкIэ зэхалъхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и тхыдэ» зэреджэн тхылъым, «Кавказ Ищхъэрэм и археологиемрэ этнологиемрэ» щIэныгъэ журналым, «ЛIэщIыгъуэбэ зэныбжьэгъугъэм и тхыдэр» (Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ зэрызэувалIэрэ илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлIэу къыдэкIар) монографием я редактор нэхъыщхьэу щытащ. Илъэс зыбжанэкIэ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий РФФИ-м и эксперт советым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым тхыдэмкIэ ягъэхьэзыр доктор диссертацэхэр щыпхагъэкI советым хэтащ.

Лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм, иджырей жылэ зэхэтыкIэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэм ирипIейтейуэ апхуэдэт Барэсбий. И Iуэху еплъыкIэр сыт щыгъуи зым теухуауэ щыту, мыхьэнэ зрит Iуэхухэм пэжыжьэ захуимыщIу и псалъэ хилъхьэу щытащ. КъызыхэкIа лъэпкъым, щалъхуа щIыналъэм, щыпсэу хэгъэгум яхуиIэ лъагъуныгъэр абы иригъэкIуэкI жылагъуэ лэжьыгъэхэмкIэ къэлъагъуэрт, и къэхутэныгъэхэм хиухуанэрт, щIэныгъэузэщIакIуэ псалъэу утыку кърихьэм къыхэщырт. Бгъэжьнокъуэр сыт щыгъуи хущIэкъурт щIэныгъэ дунейм яхуиIэ пыщIэныгъэхэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ зригъэубгъуну, Кавказым илъ зэгурыIуэмрэ мамырыгъэмрэ игъэбыдэну.

Псэуху Барэсбий лэжьыгъэм къыпэрыкIакъым, сыт щыгъуи гупсысэщIэхэр къебэкIырт, щIэныгъэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэм дапщэщи зыщигъэгъуазэрт. ЩIэныгъэ лэжьыгъэм хэша хъуа щIалэгъуалэмкIэ нэхъуеиншэт, защIигъэкъуэну, щхьэпэ яхуэхъуну хэтт.

Дунейм ехыжам и унагъуэм, и Iыхьлыхэм, и лъэпкъым дахуогузавэ, гуауэр IэтыгъуафIэ ящыхъуну дахуолъаIуэ.

ЦIыху къабзэм, нэгъэсауэ щIэныгъэлI пэжым и фэеплъыр зэи тщыгъупщэнукъым, дигу илъынущ.

***РАН-м и Къэбэрдей- Балъкъэр щIэныгъэ центрыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр.***

## Щыгъуэ псалъэ

**Батэр зыгъэшу, шынэр зымыщIэу, ищIэр къуэгъэнапIэм къыкъуимынэжу, жьыи щIэи яжриIэн зиIэу, зи щIэныгъэхэмкIэ адыгэм и цIэр ину зыгъэIуу ди япэ ита нэхъыжьыфI Бгъэжьнокъуэ Барэсбий дунейм зэрехыжар ди унагъуэкIэ гухэщIышхуэ тщыхъуащ. ЩIэныгъэми лъэпкъ Iуэхуми куэд дыдэрэ дыщызэрихьэлIащ, уигъэгушхуэну, уигъэгупсэхуну акъыл иIащ, губзыгъагъэ хэлъащ.**

**Жэнэт Iыхьлы хъуну, и псэм тыншыгъуэ игъуэтыжыну, бынунэу къыщIэнам гуауэр IэтыгъуафIэ ящыхъуну, гукъеуэрэ нэщхъеягъуэрэ ямылъагъуу щыIэнхэу Тхьэм дахуолъаIуэ.**

**Къуиикъуэ Асфар**, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, Адыгэ Республикэм гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым, КIэрашэ Тембот и цIэр зезыхьэм, и щIэныгъэ лэжьакIуэ, тхакIуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакIуэ.

**Къуиикъуэ Мариет**, гъуазджэ щIэныгъэхэм я кандидат, Адыгэ Республикэм гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым, КIэрашэ Тембот и цIэр зезыхьэм, и щIэныгъэ лэжьакIуэ, Урысей Федерацэм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт.

# Иуанықъуэ Нурбий Рашид и къуэр



Адыгэ цIыхубэм иужьрей махуэхэм ягу хэзыгъэщIа хъыбар гуауэхэм язщ 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м Иуанықъуэ Нурбий Рашид и къуэр дунейм зэрехыжар.

Ар 1927 гъэм Адыгэ Республикэм щыщ Кунчыкъуххьэблэ къуажэм къыщалъхуат. 1943 гъэм, и ныбжькIэ къытемыхуэ пэтми, Иуанықъуэр Хэку зауэшхуэм дэкIри, ар иуха нэужьи дзэм къулыкъу щищIащ.

1950 гъэм щIалэр щIэтIысхьащ Мейкъуапэ дэт, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр училищэм икIи ар ехъулIэныгъэкIэ къызэриухам и фIыгъэкIэ, Къэбэрдей къэрал пединститутым и ещанэ курсым занщIэу къащтащ. Нурбий 1958 гъэм КъБКъУ-м япэу къыщIигъэкIахэм ящыщщ.

Мэзкуу аспирантурэр къыщиуха нэужь, Иуанықъуэм и диссертацэр пхигъэкIри, филологие щIэныгъэхэм я кандидат цIэр къыфIащауэ щытащ. Абы и лэжьыгъэр теухуат адыгэбзэм хэт глаголым къытехъукIа псэлъафэхэм (фразеологизмхэм). 1962 гъэм щегъэжьауэ зигъэпсэхуну тIысыжыху Иуанықъуэ Нурбий КъБКъУ-м и егъэджакIуэу, доценту щытащ. 2015 гъэм щIэныгъэлIым къыдигъэкIащ «Лэжьыгъэ къыхэхахэр» зыфIища и тхылъыр. Абы ихуат егъэджакIуэм и тхыгъэ зэхуэхьэсыжахэр.

АдыгэлI нэсым хьэл-щэн дахэ хэлът. Иригъэджахэми къыдэлэжьахэми фIыуэ ялъагъурт Иуанықъуэ Нурбий. Ар зыцIыхуахэм щIэх ягу ихужынукъым.

***КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет.***

● Адыгэ псалъэзэблэдз

# Ди лъэпкъ вагъуэхэр

***ЕкIуэкIыу:*** **11**. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу, УФ-м и министру щыта адыгэлI. **13**. Егъэлеяуэ къабзэр зрагъэщхь хьэкъущыкъуфI. **15**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Аруан щIыналъэ). **16**. Генерал-майор, техникэ щIэныгъэхэм я доктор. **17**. КикбоксингымкIэ дуней псом и чемпион адыгэ щIалэ. **18**. Ерыскъым зэреджэ нэгъуэщI псалъэ. **19**. Мэкъу гъэтIылъыпIэ. **21**. Адыгэ шхыныгъуэ, джэдыкIэрыпщ. **22**. Контр-адмирал адыгэлI. **23**. НэщIащэм и къэухь лъагапIэ, нэбжьыц къыхэкIыпIэ. **24**. Совет Союзым и ЛIыхъужь, республикэм и унафэщIхэм ящыщ зыуэ щыта. **26**. Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ дуней псом и чемпион адыгэ щIалэ. **27**. Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь (Адыгей). **30**. ЦIыхур зэрызэхэлъ Iыхьэ пщыкIутI. **33**. Совет Союзым и ЛIыхъужь, промышленностым и лэжьакIуэ пэрыту щыта. **34**. Къэхъуну-къэщIэнур Iэщ блэгъум къизыхыф. **37**. КъШР-м щыщу Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу зы цIыхубзрэ зы цIыхухъурэ къызыхэкIа лъэпкъ. **40**. ЗэрышагъащIэхэм хуатх. **43**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгэ цIыхубз. **44**. СамбомкIэ дуней псом и чемпион адыгей щIалэ. **46**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Прохладнэ щIыналъэ). **47**. Зы напIэзыпIэ. **48**. Зэ къэщтэгъуэу ящI ятIэ зэхэпща. **49**. Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу зэкъуэшитI. **52**. Лэжьыгъэм и ЩIыхь орденищри зыхуагъэфэща адыгэ цIыхубз (Бахъсэн щIыналъэ). **54**. Совет Союзым и ЛIыхъужь, адыгэлI тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ. **55**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгей цIыхубз. **57**. Нарт гъукIэ Iэзэ. **58**. Генерал-лейтенант адыгэ щIалэ (Адыгей). **59**. ПауэрлифтингымкIэ дуней псом и чемпион адыгей щIалэ. **60**. Лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ Олимп джэгухэм я чемпион адыгэ щIалэ. **62**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Адыгей). **63**. Iыхьибгъум щыщ зы. **65**. Бжьэ шыр зридза безынэ. **68**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгэлI. **69**. Каратэ-кёкусинкаимкIэ дуней псом и кубокыр къэзыхьа адыгэ хъыджэбз. **70**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Шэрджэс). **71**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгэлI (Бахъсэн щIыналъэ). **75**. КъБР-м щыщ къалэ. **78**. Шыхъуэ цIэрыIуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь. **80**. Щхьэ джабэр нэгъуэщIу зэрыжыпIэнур. **82**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Шэрджэс). **84**. Генерал-майор адыгэлI. **88**. Пхъэ уадэ. **89**. ФIыцIэр нэгъуэщIу зэрыжыпIэнур. **90**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Тэрч щIыналъэ). **91**. Зэрыгъар къозыгъащIэ нэгу. **92**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгэлI, шахтёр. **96**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Бахъсэн щIыналъэ). **97**. КIэпIейкIэ тIощI. **98**. Мывэ сын, лъэрымывэ сыт хуэдэ къыхэзыщIыкI IэщIагъэлI. **100**. ФIэхъус папщIэу щхьэр зэрагъэщхъ щIыкIэ. **101**. НакIэм къыхэкI плъыжьыгъэ. **102**. Генерал-лейтенант адыгэлI. **103**. ЦIыхухъуцIэ. **104**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Шэрджэс). **107**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Бахъсэн щIыналъэ). **110**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Прохладнэ щIыналъэ). **111**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Адыгей). **118**. Бдзэжьеящэ Iэмэпсымэ. **119**. КъурIэн тхылъ цIыкIу. **120**. Джэдджьейр зыутIыпщыжа къурт. **121**. ДзюдомкIэ дуней псом щыцIэрыIуэ адыгэ щIалэ. **122**. Унэ щIыбагъым щыIэ етIуанэ пщIантIэ. **124**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Адыгей). **125**. Совет Союзым и ЛIыхъужь мэздэгу адыгэ. **126**. Хъыджэбзым и адэ-анэм къалъхуа цIыхухъу. **128**. Щхъуэплъыфэ. **130**. ШтангэмкIэ Олимп джэгухэм я чемпион (Адыгей). **131**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Прохладнэ щIыналъэ). **132**. Генерал-майор адыгэлI. **133**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгэлI.

***Къехыу:*** **1**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Шэрджэс). **2**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгэлI. **3**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгэлI. **4**. Зи нэзыр Iуча хьэкъущыкъу. **5**. Генерал-майору дзэ къулыкъу пэрыт адыгэлI. **6**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Адыгей). **7**. Къэбэрдейм щежэх псы. **8**. Лэжьыгъэм и ЩIыхь орденищри зыхуагъэфэща адыгэ цIыхубз (Налшык). **9**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Адыгей). **10**. Налог полицэм и генерал-лейтенант адыгэлI. **12**. Шыхъуэ цIэрыIуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь. **14**. Къуажэ кIапитIым я зым зэреджэ. **15**. ЦIыхубзыцIэ. **16**. Жыг лъабжьэм къыкIэщIэкIыкIа жыг цIыкIу. **20**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Бахъсэн щIыналъэ). **23**. Адыгэ шхыныгъуэ, кIэтIийм илъу ягъэва лыхэкI. **25**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Адыгей). **26**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгэлI. **28**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Адыгей). **29**. ЗэгъунэгъуитIым я щIы зэпылъыпIэ. **31**. НэгъуэщI, къинэмыщI псалъитIым яз. **34**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Адыгей). **35**. КIэрахъуэр хъумпIырэм зэрыкIэрыщIа кIапсэ. **36**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Адыгей). **38**. Джэдкъаз IыгъыпIэ. **39**. Камбоджэм щежэх псы. **41**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгэлI (Норильск). **42**. СамбомкIэ дуней псом и чемпион (Адыгей). **43**. Жыгым и тхьэмпэр щыпыхуж зэман. **44**. Ныбгъуэ къызэраубыд Iэмэпсымэ. **45**. Псы шэд. **50**. Адыгэ композитор. **51**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Шэрджэс). **53**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Адыгей). **56**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Тэрч щIыналъэ). **61**. Тырку тхакIуэ адыгэлI, дунейпсо литературэм и классик. **64**. ДзюдомкIэ дуней псом и чемпион (Адыгей). **66**. Генерал-майор адыгэлI. **67**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Дзэлыкъуэ щIыналъэ). **71**. Дуней псом щыцIэрыIуэ дирижёр адыгэлI. **72**. Зыгуэр ямыдыгъун щхьэкIэ щIэн хуейр. **73**. Iуэху илэжьыну хьэзыр зызыщIа цIыху. **74**. Контр-адмирал адыгэлI. **76**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгэлI (ухуакIуэ). **77**. ЛэжьыгъэкIэ къыппеуэ. **79**. Азием и къухьэпIэмкIэ щыIэ къэрал. **81**. Колхоз тхьэмадэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь (Бахъсэн щIыналъэ). **83**. КъуэкIыпIэм къыпэщыт лъэныкъуэ. **85**. «ЦIыху» мыхьэнэ иIэу къагъэсэбэп псалъэ. **86**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Шэрджэс). **87**. Баш гъумыщIэфI. **89**. Уэрэдус Iэзэу щыта, зауэшхуэ екIуэкIам хэкIуэда адыгэлI. **93**. КикбоксингымкIэ Урысей Федерацэм и чемпион адыгэ щIалэ. **94**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгэлI (Аруан щIыналъэ). **95**. ЦIыхубзыцIэ. **96**. Улахуэ, лэжьапщIэ. **98**. Ижь зэманым цIыхум мывэ зэридзу иIа Iэмэпсымэ. **99**. ТхэквондомкIэ Урысейми Евразиеми я чемпион адыгэ хъыджэбз. **105**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Адыгей). **106**. ХьэщIэм хуаукI Iэщ. **108**. Губгъуэм къикI ерыскъыпхъэ. **109**. Iэщ укIам и тхьэмбыл-тхьэмщIыгъу зэкIэрыщIа. **112**. КъурIэным и пэкIэ щыIа тхылъ. **113**. Илъэс куэдкIэ къэкI удз лIэужьыгъуэ, и пкъыр занщIэу, и бзийхэр бгъузэу. **114**. Совет Союзым и ЛIыхъужь (Адыгей). **115**. Генерал-майор адыгэлI. **116**. Iэщым ирадзэ дамыгъэ. **117**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгэлI, егъэджакIуэ. **123**. Гур зыхуэкIуэ, гум пIэпих. **124**. ЛъэпкъкIэ зэхуэмыдитIым къалъхуам зэреджэ. **126**. Совет Союзым и ЛIыхъужь шэрджэс цIыхубз. **127**. Хьэуазэм и щIэщэщ. **128**. ЦIыхум хэлъ щытыкIэ дахэ. **129**. Совет Союзым и ЛIыхъужь адыгей цIыхубз.

*Зэхэзылъхьар*
**ПСЭУН Жыраслъэнщ**.



Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Псалъэжьхэр

## Пхъурылъхурэ къанрэ зэхуэдэщ

♦Зэгурыlуэр щынафэм щIегъанэри, зэгурымыlуэр выфэми щIигъанэркъым.
♦Зэдэшхэ lэфIщи, зэдэфI унэщ.
♦Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.
♦Къуэш зимыlэм башым lэплlэ ирешэкl.
♦Лlакъуэр зыщыбэм быныр щыхейщ.
♦Лlы гурымыкъыр физгъагъщи, лlым и гъыринэр гуемыlущ.
♦Махуаем бгъуэтыжыр ныбжьэгъущи, уи хьэмтетыгъуэм бгъуэтыр уи шхэгъущ.
♦Ныбжьэгъужьрэ дыжьыныжь пщэжарэ.
♦Ныбжьэгъуншэр зеиншэ пэлъытэщ.
♦Пхъурылъхурэ къанрэ зэхуэдэщ.
♦ПцIырыпыхьэ щlэинхьыж.
♦Пщащэ дахэ лlыгъапцlэщ.
♦Узэлъэlу къэгъани, къолъэlу къашэ.
♦Фlыуэ слъагъум хуэзмыщlэнур сремылэ.
♦Узэрымылъагъуу lэфl щылэкъым.
♦Уи анэрэ уи нитlрэ.
♦Уи благъэ и унащхьэ плъагъуу ублэмыкl.
♦Фlыуэ плъагъум зыкъебгъэщlэнумэ, и цlэр куэдрэ жылэ.

● Гъуазджэм и лэжьакIуэхэр



Урысей Федерацэм и цIыхубэ сурэтыщI, РАХ-мрэ ЩIДАА-мрэ я академик, Красноярск дэт Художественэхэмкlэ университетым и профессор Пащты Герман и графикэ лэжьыгъэхэм я еплъыныгъэ тIэунеи Китайм щекIуэкIащ.

● Шхыныгъуэхэр

## Адыгэ лы гъэжьэкIэ

ЛыпцIэр зэпаупщI г 35 - 40 хъууэ. Адыгэ бжьын плъыжь цIыкIур яукъэбз, лыри бжьынри псы щIыIэкIэ ятхьэщIри, дзэху тепщэчым иралъхьэ, шыгъу, шыбжий сыр хаудэри, фIыуэ зэIащIэж. И щхьэр тепIауэ щIыIапIэм деж щагъэт дакъикъэ 15 - 20-кIэ. ИтIанэ лы тыкъыр цIыкIухэри бжьынри хъыдан гъущэкIэ ялъэщI. Щагъэжьэнум и деж япэщIыкIэ дзасэм лы тыкъыр фIалъхьэ, итIанэ бжьын псо, апхуэдэурэ дзасэм фIэз ящI, и кIэ дыдэм фIэлъын хуейр лы тыкъырщ. Пхъэ мафIэ дэпкIэ, дзасэр ягъэкIэрахъуэурэ, ягъажьэ, лыр хьэзыр, тхъуэплъ дахэ хъухукIэ. Дзасэм къыфIалъэфри, пщтыру тепщэчым иралъхьэ. Дашх пIастэ, мырамысэ, чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ. Шэ хуабэ трафыхьыж. Сэбэпышхуэ яхуохъу псчэрейхэм, Iупс бзаджэ зиIэхэм, щIыIэ зыхыхьахэм.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*
Мэлылу - г 250-рэ
Адыгэ бжьын плъыжь цIыкIуу - г 150-рэ
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

## Джэдыл гъэбэкхъа

Абы щхьэкIэ нэхъ къащтэр джэдыжьщ. Джэд гъэкъэбзар Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпкърах, псы щIыIэкIэ ятхьэщIыж. Джэдыл Iыхьэхэр шынакъ мыулъийм иралъхьэ, шыгъу, губгъуэпхъ, мыцIыкIу дыдэурэ упщIэта бжьынындхьэ, бурш мыхьэжа, IупщIэ цIыкIуурэ упщIэта шыбжий сыр мыхьэжа халъхьэ. Псы щIыIэ тIэкIу хакIэри фIыуэ зэIащIэ, бжьыныпсыр фIыуэ къыщIахуху. Шынакъыщхьэр трапIэжри, нэхъ зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ щIыIапIэм ягъэув сыхьэти 8 - 10-кIэ е нэху кърагъэкI. А зэманым кърыубыдэу джэдылыр зэтIэу зэIащIэ. Щагъэжьэнум деж джэд Iыхьэхэм кIэрыпщIахэр къыкIэрахри, езы джэдылыр ягъэгъущ, тебэ куукIэ тхъу къагъэплъ, джэдыл Iыхьэ гъэгъущахэр абы халъхьэ, мафIэр ину блэуэ, зэрагъэдзэкIыурэ ягъажьэ тхъуэплъ дахэ хъуху. ИужькIэ псывэ щIакIэ, мафIэр цIыкIу ящIри, тебащхьэр тепIауэ ягъэбэкхъ, псыр щIэвэщIэным нэсыхукIэ. ИтIанэ, зэIащIэурэ, шатэпс щIакIэ, бжьыныху уба халъхьэ, тебащхьэр трапIэжри, мафIэ щабэ дыдэм тету хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ, тебэр къытрахыж, джэдгын траудэри, и щхьэр тепIауэ дакъикъи 5 - 6-кIэ щагъэт. ЗэрызэщIэлъу Iэнэм пщтыру трагъэувэ. Дашх пIастэ хуабэ, мырамысэ.

*Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):*
Джэдылу - г 1000
Тхъууэ - г 180-рэ
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100
Псывэу - г 300
Бжьыныху укъэбзауэ - г 30
Шатэпсу - г 300
Шыгъуу, шыбжийуэ, губгъуэпхъыу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Тхыдэм щыщ

# Джыдэ

Археологхэм щIы щIагъым къыщIахыж пасэрей Iэщэхэм ящыщщ джыдэр. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, мывэм къыхащIыкI зэрыхъу лъандэрэ пасэрейхэр джыдэм ирищакIуэу, иризауэу къэгъуэгурыкIуащ, ар шабзэми джатэми нэхърэ нэхъ пасэу къытехьащ дунейм.

ЩIы щIагъым куэдыкIейуэ къыщIэкIыж пэтрэ, зэзэмызэххэщ нарт хъыбархэм джыдэм и цIэ къыщраIуэр: Iэщэу къежьами, абы и Iэщэ «къалэныр» хуэм-хуэмурэ фIэкIуэдри, унагъуэм щызэрахьэ Iэмэпсымэ хъуащ. Джыдэм Iэщэ «къалэн» щиIам пасэрей адыгэхэр абы зэреджэу щытар нэгъуэщI псалъэщ - «уэщ» («уэн» псалъэм и лъабжьэгъущ, ар щыхьэт тохъуэ джыдэр пасэрейхэм Iэщэу зэрызэрахьам). «Джыдэ» псалъэр нэгъуэщIыбзэм къыхэкIащ, ар адыгэбзэм къыщыхыхьам щыгъуэ джыдэм «Iэщэ» мыхьэнэ иIэжакъым - унагъуэм щызэрахьэ Iэмэпсымэ хъуакIэт (абы нэхърэ нэхъ IэщэфI къагупсысати), аращ хамэбзэм къыхэкIа псалъэм («джыдэм») адыгэ псалъэр («уэщ»-р) иригъэкIуэтын, абы и пIэ иувэн щIыхузэфIэкIар.

«Уэщ» псалъэр лъэныкъуэ егъэза хъуа щхьэкIэ, ар адыгэбзэм хэкIуэдыкIыжакъым: «джыдэм» нэхърэ нэхъ мащIэрэ къагъэсэбэпми, адыгэбзэм ноби къыщызэтенащ, и мыхьэнэм зэрызихъуэжа щIагъуэ щымыIэу. Шабзэми джатэми нэхърэ нэхъыжьщ уэщыр - пасэрей цIыхум япэ дыдэ къищта Iэщэщ ар: япэщIыкIэ мывэм (псалъэм папщIэ, щтаучым), иужькIэ гъущIым (бронзэм) къыхищIыкIыурэ. Шабзэр, иужькIэ джатэр зэрихьэ хъуа нэужь, пасэрейм гу лъитащ шабзэри джатэри уэщым нэхърэ зэрынэхъ Iэрыхуэм. Ар щхьэусыгъуэ хуэхъури, уэщыр IэщIыб ищIыжащ пасэрейм, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, ар унэм кърихэри, шабзэрэ джатэкIэ зызэщIиузэдащ. Псэ быдэу къыщIэкIащ а тIур: адыгэхэм шабзэри джатэри зэрахьащ епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэ пщIондэ. Япэ дыдэ къежьа Iэщэм - уэщым - апхуэдэ гъащIэ иIакъым; нэхъ гъащIэ кIыхь хъуащ уэщым къытехъукIыжа Iэщэр - маит хъужыр (секирэ жыхуаIэр).

КЪАРМОКЪУЭ Хьэмид.

● Нэщэнэхэр

## БжитIым я кум уитыну фIыкъым

● **Бэрэжьей махуэм щыгъынышщIэ ядыртэкъым.**
● **Бещто лъэныкъуэмкIэ зызэIуибзмэ, уэфIщ, жаIэрт.**
● **Бжэ блыпкъым зыкIэрыбгъащIэмэ, тхьэмыщкIагъэ къишэу жаIэрт.**
● **Бжэным и нэр хъурей хъумэ, жэщ хъуауэ аращ.**
● **БжэщхьэIум зыгуэр щызэIэпыпхмэ, узэщохьэ.**
● **БжэщхьэIум укъелъэну, утетыну, утеIущIыкIыну фIыкъым.**
● **БжитIым я кум уитыну фIыкъым.**
● **Бжыхь я зэхуакуу ахъшэ зэIэпахыркъым.**
● **Бжьыным фэ куэд трищIэмэ, щIымахуэр щIыIэ мэхъу.**
● **Бжьыныфэ, бжьыныхуфэ, джэдыкIафэ ягъэсыртэкъым - тхьэмыщкIагъэ къеше, жаIэрти.**
● **Бжьыхьэ тхьэкIумэкIыхьыр уэдмэ, уэс щIагъуэ щыIэнукъым, пшэрмэ, уэсышхуэ къесынущ.**
● **Бжьыхьэм пасэу уэс къесамэ, «гъэм щинэжащ» жаIэрти, я жагъуэ хъурт. «И чэзум и деж псори фIыщ», жаIэрт.**
● **Бзэгу пшхымэ, бзэгузехьэ уохъу, жаIэрт.**

● Гупсысэр - псалъэкIэ

## ГукъэкIыжхэр къожажьэ

ГУР АРХЪУАНЭМ ирехьэри... гъащIэ псо щоуназэ. ГукъэкIыжхэр къожажьэ, гупсысэр мэятэ. ПщIэжрэ, пщIэжрэ жыпIатэр, сигу, зэгуэр узелъатэу... Къэбгъуэтауэ, бгъэфIэну, гухэлъ IэфIу уиIэну... Уэ гухэлъыр жыпIэнут, дуней псор ууей хъунут. Сэ сыноплъырти щыму, бжезмыIэфурэ зыри, уи дунейр сфIэгуэныхьт.

Уимыхуэжу мы си бгъэм, уэми щIыми щыбгъафIэ гухэлъ нэхур зэгуэрым къыптесхынути, испхъэжынут ар уафэм. Уафэм ар имыхуэжу, хэз сфIэхъуати хьэуам... Иджы нэхъри угуфIэрт. Сэ уэсщIэн си гугъахэр пфIэделагъэу арати... бутIыпщауэ уи макъыр, лъагъуныгъэм и макъыр, удыхьэшхт.

Сигу, щытам сфIэгуэныхьу, си гугъам узым ихьу, узи гуауи илъагъуркъым, зыри хъуркъым и жагъуэ. ГъащIэм IэплIэ хуищIауэ, нэхуу уэгум щыблауэ, и гухэлъ егъэпэж. КъыIэщIэпчи, къытепхи хъуркъым гухэлъыр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● ЗэвгъащIэ

## КъэкIыгъэщIэхэр

**Бгъэн - Тростник обыкновенный.**
Илъэс зыбжанэкIэ къэкI удзщ. И лъагагъыр мм 2 - 4-м нос, лъабжьэжь гъумкIыхьхэр ещI. Бгъэным и бзийхэм см 20 - 30 я кIыхьагъщ, см 1 - 1,5-рэ я бгъуагъщ. ГъэмахуэкIэм гъашэ щхъуэ-гъуабжафэ къыдедз. Псыхъуэхэм, щIыпIэ псыIэхэм, гуэл Iуфэхэм, псынащхьэхэм куэду къыщокI.

Удзыр цIынэ щIыкIэ, пасэу пыбупщIмэ, мэкъу хьэлэмэт, силосыпхъэфI мэхъу. Адыгэхэм бгъэным унащхьэ, нэгъуэщI псэуалъащхьэхэр ирагъэбыдэу щытащ.

**БегъымбарIэпэлъ - Наперстянка.**
ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэшыжа удз лъэпкъыгъуэщ. Кавказым бегъымбарIэпэлъу лIэужьыгъуитху къыщокIри, псори илъэс бжыгъэкIэ мэпсэу, лъабжьэжь быдэ ящI. Гъэгъахэр инхэщ, Iэрамэ кIыхьу зэхэту, удз щхьэкIэхэм къапедзэ, къапщIийхэр, удзыр зыхуэдэ лIэужьыгъуэм елъытауэ, плъыжьхэщ, пшэплъыфэхэщ, гъуэжьхэщ, гъуэжьхужьыфэхэщ. Зи къапщIийр плъыжь бегъымбарIэпэлъ лIэужьыгъуэр цIыхухэм къагъэкI, КъухьэпIэ ЕвропэмкIэ кърашауэ, адрейхэр езыр-езыру ди щIыпIэхэм къыщокI. Мэзхэм, бгыщхьэхэм уащрохьэлIэ. ЛIэужьыгъуэ псори хущхъуэу къагъэсэбэп.

**БжакIэ - Костер пестрый.**
Зи лъагагъыр см 60 - 70 хъу, илъэс куэдкIэ къэкI удзщ. Ипкъхэр занщIэу докIей, и бзийхэр бгъузэ-кIыхьщ, лъабжьэ цIыкIу куэд ещI.

Шакъафэ къызыщIэлъадэ и гъашэр мэкъуауэгъуэм и кIэм, бадзэуэгъуэм къыдедз, жылэхэр шыщхьэуIум мэхъури, фокIадэм полъэлъыж. Бгыщхьэхэм, Къущхьэхъум щыIэ мэкъупIэхэм, хъупIэхэм къыщокI, Iэщым фIыуэ яшх.

БжакIэр куэду къыщыкI щIыпIэхэр адыгэхэм мэкъупIэфIу къалъытэ.

Удзым протеину процентi 9 - 10-м нэс хэлъщ.

**БжэмышхлъэщI - Торица обыкновенная.**
Зы гъэкIэ фIэкIа къэмыкI удз лIэужьыгъуэщ, и лъагагъыр см 30 - 40 мэхъу. Гъэгъа мм 5 - 8 нэхъ зи мыинагъхэр и щхьэкIэм гъатхэм, гъэмахуэм къыпедзэ. И тхьэмпэхэр кIыхьщ, пагуэщ, и лъабжьэр инкъым. Губгъуэхэм, гъуэгубгъухэм, псэупIэхэм я гъунэгъуу, пшахъуалъэ щIыпIэхэм къыщокI. Iэщым яшх.

**Бжэндэхъу - Василёк.**
ЛIэужьыгъуэ куэду гуэшыжа удз лъэпкъыгъуэщ. Бжэндэхъу лIэужьыгъуэхэр я гъэгъахэм я щытыкIэкIэ, я жылэхэмкIэ, я тхьэмпэхэмрэ пкъыхэмрэ зэрыгъэпсамкIэ зэтохуэ. Ахэр зэрызэщхьэщыкI щытыкIи теплъи яIэщ. Ди щIыпIэм уащыхуозэ гъитIкIэ, нэхъыбэкIэ къэкI бжэндэхъухэм. Ахэр къыщокI мэкъупIэхэм, хъупIэхэм, дыгъафIэ джабэхэм, мэз лъапэхэм, хуейхэм, гъурцхэм яхэту. Бжьэхэм фо къыхах.

● Фэ фщIэрэ?

## Псалъэхэм къарыкIыр

**Хасэ.** Нарт IуэрыIуатэм щыщщ. Абы къызэрыхэщымкIэ, нартхэр илъэс къэс зэ зэхуэсу щытащ, хасэкIэ еджэу. Хасэм щызэхуэсахэр нарт Iуэхухэм тепсэлъыхьырт, зэрыпсэун унафэ къащтэрт, тхьэ елъэIурт, джэгукIэкIэ зэпеуэрт. Хасэм нэхъыжьри, нэхъыщIэри, цIыхухъури, цIыхубзри зэхэдз имыIэу хыхьэрт. Хасэм лъэпкъкIэ, къулей-къулейсызкIэ зэхэгъэж ищIыртэкъым.

**Хасэ мывэ.** IуэрыIуатэм зэрыхэтымкIэ, Псыжь и къежьапIэхэм унэ щытащ адыгэхэм хасэ щрагъэкIуэкIыу. А унэм мывэшхуэ бгъэдэлът, мывэшхуэ хасэкIэ еджэу, абы шы лъэкъуапIэрэ хьэ лъапэрэ къыхэгъэжыкIауэ тетт. Мывэм гъуанэ иIэт, цIыхум пэж жиIэрэ пцIы жиIэрэ кърашIэн щхьэкIэ ирагъапщхьэу. ЦIыхур сыт хуэдизу мыпсыгъуэми, пцIы жиIэмэ, а гъуанэм ипщыфыртэкъым, сыт хуэдизу мыгъумми, пэж жиIэмэ ипщыфырт.

**ГукIэ къузыбжьэ.** Мэкъумэш е мэз щIыхьэху щащIам деж псом яужь иту къэзыгъэзэжам фадэбжьэ иратырти ехъуэхъурт дяпэкIэ яужь къимынэу сыт щыгъуи пашэу щытыну. А фадэбжьэм гукIэ къузыбжьэкIэ еджэрт. Хабзэр щагъэзащIэу щытар Къызбрун, Зеикъуэ къуажэхэрщ.

**Гъуэрыгъуэ мэкъуауэ.** Зы унагъуэ къарукIэ зи мэкъу Iыхьэр пызымыупщIыжыфхэр гуп-гупурэ зэгухьэрти, зэдэIэпыкъуурэ я мэкъур паупщIырт. Унагъуэхэр зэрызэкIэлъыкIуэнур пхъэидзэкIэ яубзыхурти, зы махуэм зым и мэкъум щыщ паупщIырт, етIуанэ махуэм къыкIэлъыкIуэм ейр. Апхуэдэу къытрагъэзэжурэ, псом я мэкъури паупщIырт. Хабзэр щагъэзащIэу щытар Къармэхьэблэщ. Ди зэманым кIуэдыжащ.

ДУМЭН Хьэсэн зэритхыжамкIэ.



● Мыщэм и махуэ

## Псэущхьэ телъыджэ

**Мыщэм и махуэр, дыгъэгъазэм и 13-р, Урысей Федерацэм и мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэми щагъэлъапIэ.**

ЩАКIУЭХЭМ, мэзхъумэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ гу зэрылъатамкIэ, мэзым щыпсэу хьэкIэкхъуэкIэхэм я нэхъ иныр щIымахуэ жей кIыхь щищIыну и гъуэм щигъуэлъхьэжыр а махуэращ.

Псысэхэмрэ хъыбарыжьхэмрэ зи цIэр фIыкIэ къыхэщ мы хьэкIэкхъуэкIэр, зэрытщIэмкIэ, къаруушхуэ зыбгъэдэлъщ, зи щхьэр зыхъумэжыфщ, шынэ зымыщIэщ, набдзэгубдзаплъэщ, езым нэхърэ нэхъ цIыкIухэм фIырыфIкIэ ящымыхьэщ. АрщхьэкIэ, и бын цIыкIухэм е езым утеуамэ, къыпхуимыгъэгъун хуэдизу и жагъуэ пщIауэ аращи, дахэ хэзэгъэжынкIэ ущIыщыгугъыжын щымыIэжу апхуэдэщ.

Зи зыгъазэ зы мазэу къалъытэ псэущхьэм псынщIагъэ къызэрымыкIуэхэр щыдалъагъуи къохъу. Апхуэдэхэм деж, ар шым тежыфынущ, щыхьым я нэхъ иныр и IэблитIымкIэ хуэгъэмэхынущ, ар дыдэр и фIалъэ лъакъуитIымкIэ хуехьэжьэнущ, щIым кууэ гъуэ щызыщIа дзыгъуэ цIыкIур мэкIэ къигъуэтынурэ, абы кърилъэфыфынущ.

### ГъэщIэгъуэнщ

ЩIымахуэ жей кIыхьым, махуэ 200-м нэблагъэкIэ екIуэкIым, зыщыхуигъэхьэзыркIэ, лъэбыцэжьым и шхэныр щегъэтри, и кIуэцIым къыщызэтенахэри егъэкIуэщIыж.

Мыщэбзым и шырхэр дунейм къыщытригъэхьэр щIымахуэм езыр жейуэ гъуэм щилъырщ. ЩIэжьей цIыкIухэм къашэчыр мащIэ дыдэщ - грамм 350-м нызэрыхьэсщ.

Лъэбыцэжьхэм яхэтщ килограмм 800-м нэблагъэ зи хьэлъагъхэри. КъагъащIэр илъэс 25-м къыщыщIэдзауэ 40-м нызэрыхьэсщ.

Мыщэ лъэпкъыгъуэхэм ящыщу нэхъ цIыкIу дыдэр Малайзием щыIэхэращ. Абыхэм, ику иту, метр 1,5-рэ я кIыхьагъщ, килограмм 30-м къыщыщIэдзауэ 60-м нэблагъэ я хьэлъагъщ.

### Хэт зыгъэлъапIэр?

Мыщэм и махуэр ягъэлъапIэ цIыху къызэрыгуэкIхэми а псэущхьэхэм якIэлъыплъ экологхэми. Дыгъэгъазэм и 13-м къызэрагъэпэщ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм сабийхэр ирашалIэ, Iуэхум ехьэлIа усэ цIыкIухэм къыщрагъаджэ, зи гугъу тщIы псэущхьэр лIыхъужь нэхъыщхьэу зыхэт театр теплъэгъуэхэм, макъамэрэ уэрэдкIэ гъэпсахэм, щрагъэплъ. Гукъыдэжыр щебэкI апхуэдэ зэхуэсхэу джэгукIэ дахэкIэ гъэпсахэм быным я гъусэу къэкIуа адэ-анэхэри, псысэм къыхэхута хуэдэу, нэжэгужагъэ къыщагъэлъагъуэу, жыджэру яхэтщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● ГушыIэхэр

### Сыт щыIэ абы нэхъыфI?!

Я адэр лIэуэ телъти, и къуэхэр щхьэщытт, Iыхьлыхэри благъэхэри зэхуэсат.

- Ей, сэ фэ къыфхуэзгъанэри!.. - къыхэщэIукIырт адэр.

- ЖыIэ, ди адэ, сыт къытхуэбгъанэр? - еупщIырт и къуэхэр.

- Ей, сэ фэ къыфхуэзгъанэри!.. - аргуэру жиIэрт адэм.

- Ди адэм къытхуигъанэр къыщIыджимыIэр хамэ щIэтщи аращ.

ФыщIэкI! - унафэ ящIщ абыхэми, езыхэм нэмыщI адрей псори пэшым щIагъэкIащ.

- ЖыIэ иджы, ди адэ, сыт къытхуэбгъанэр? - щIэупщIащ зэшхэр.

- Мы дуней нэхур къыфхузогъанэ, хуэмыху къом! Сыт щыIэ абы нэхъыфI?! Дахэ-дахэу фытет, фымыуцIэпIу.

### Узэджэр къокIуэ

ТIу шыгум исуу здэкIуэм, япэкIэ плъэхэри - зы лIыжь тхьэмыщкIэ гуэр хьэлъэ телъу кIуэрт.

- Мобы дызэрыщIыхьэу, сивгъэтIысхьэ жиIэнурэ къыдэлъэIунущ. Сэ сымаджэ зысщIынщи, сигъуэлъхьэнщ. Уэ сымаджэ илъщ жыIэ, - жиIэри, язым щIакIуэ зытрипIэри, шыгум игъуэлъхьащ.

Шыгур жэурэ хьэлъэ зытелъ лIыжьым лъэщIыхьащ.

- КхъыIэ, сигъэтIысхьэ, щIалэфI, хьэлъэ стелъщ, псапэ хъунщ! - жиIащ лIыжьым.

- Уэлэхьэ, мыхъуну, тхьэмадэ, сымаджэ хьэлъэ илъщ! - жиIэри шым яхэуэри блэжащ.

- Алыхьым узыншэ ищIыж! - жиIащ лIыжьым.

Куэд ямыжу, шыгухур и гъусэм еджащ:

- Дыкъыблэжащ а сымаджэ зыщIэпщIам, тэджыж! - жиIэри.

АрщхьэкIэ къэтэджыжыркъым.

ЩIакIуэр трихрэ еплъмэ - «сымаджэр» лIат.

Къигъэшыжауэ къыщыблэжыжым, лIыжьыр шыгухум еупщIащ:

- Щхьэ къэбгъэкIэрэхъуэжа, тIу?

- Сымаджэр лIащ! - жиIащ шыгухум.

- Алыхьым гущIэгъу къыхуищI! - жиIащ лIыжьым.

КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд
Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* Джатокъуэ Марьянэ, *редактору* ЖьэкIэмыхъу Маринэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 2, 4-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 ● Тираж 1.998 ● Заказ №2670